ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№108 (24.546) • 2023 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 9, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

# Мы гъэм щIадзэнущ

**ЩIыналъэ зыужьыныгъэмкIэ правительствэ комиссэм хэтхэм я зэIущIэу УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хуснуллин Марат иригъэкIуэкIам хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.**

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ щIыналъэхэм лъэпкъ проектхэр зэрыщагъэзащIэм, псэупIэ ухуэныгъэхэр зэрыщекIуэкIым.

«БлэкIа мазийм къриубыдэу, хэгъэгухэм дызэрыщагъэгъуэзамкIэ, псэупIэ метр зэбгъузэнатIэ мин 70 и кIэм нагъэсащ. Къат куэду зэтет унэхэр проценти 9-кIэ нэхъыбэ хъуащ, ар и фIыгъэщ Урысейм и щIыналъэхэм ухуэныгъэ лэжьыгъэр зэтеублауэ зэрыщекIуэкIым. ДяпэкIи къалэм щекIуэкI ухуэныгъэхэр фи нэIэ щIэвгъэтыну сыныволъэIу», - жиIащ Хуснуллиным.

УФ-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэмкIэ и министр Файзуллин Ирек къыхигъэщащ ухуэныгъэхэм яхухэха ахъшэр яубзыхуам ипэ къиухуэу хурагъэхьыфыныр къызэгъэпэщыным мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр къапщтэмэ, 2024 гъэм зэрагъэпэщыжыну я гугъауэ, Ислъэмей дэт ЩэнхабзэмкIэ унэр, Бахъсэн щIыналъэм щыIэ Щэнхабзэ-нэгузегъэужьыпIэ центрыр, Налшык дэт Сабий художественнэ школыр зыхуей хуэгъэзэныр мы гъэм щIадзэнущ.

### Ащхъуэт И. А. теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «г» пунктым ипкъ иткIэ Ащхъуэт Ислъам Аслъэн и къуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм бжыгъэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къулыкъур щхьэщыхын.
2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм бжыгъэ зыужьыныгъэмкIэ и министрыр ягъэувыхукIэ абы и къалэнхэр игъэзэщIэну Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм бжыгъэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Бозий Аскэр Руслан и къуэм пщэрылъ щыщIын.
3. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2023 гъэм фокIадэм и 5-м*
*№91-УГ*

● ЗэIущIэхэр

# Лъэпкъ проектхэр зэрагъэзащIэр

**КъБР-м и Правительствэм и Унэм щекIуэкIащ «муниципальнэ сыхьэт» зэIущIэр. Абы республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек щахуэзащ ди районхэм, къалэхэм я пашэхэм.**

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI Къуэдзокъуэ Мухьэмэд.

Республикэм и пашэр къыщыпсалъэм къыхигъэщащ гъэ еджэгъуэщIэр къызыхуэтыншэу, лъэпощхьэпоуншэу щIыналъэм зэрыщаублэжар. Апхуэдэу гулъытэ хэха хуищIащ лъэпкъ проектхэр щIыпIэхэм зэрыщагъэзащIэм, абыхэм япкъ иткIэ екIуэкI лэжьыгъэхэр ныкъуэсаныгъэншэу, и чэзум зэфIэхыпхъэу щытын зэрыхуейр къиxигъэбелджылыкIыу.

Мусуков Алий зэрыжиIамкIэ, зэпэщ щIын хуей еджапIэ унэу 40-м ящыщу 20-м лэжьыгъэхэр щызэфIагъэкIащ. Абыхэм я бжэхэр фокIадэм и 1-м сабийхэм къыхузэIуахыжащ. Зэрытраухуа пIалъэм тету, жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу, хьэзыр хъунущ иджыри школи 4, щэкIуэгъуэм и 1-м - 12, дыгъэгъазэм и 1-м - 4.

ЗэIущIэм къыщаIэта Iуэхугъуэхэм япкъ иткIэ КIуэкIуэ Казбек къалэн зэмылIэужьыгъуэхэр пщэрылъ яхуищIащ а IэнатIэхэмкIэ жэуап зыхь къулыкъущIэхэм.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ



# НэхъыфIыжу дылэжьэн хуейуэ аркъудейщ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Стратегие зыужьыныгъэмрэ лъэпкъ проектхэмкIэ чэнджэщакIуэ гупым я зэIущIэ иригъэкIуэкIащ. Абы хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, КъБР-м и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Мэкъуауэ Тимур, КъБР-м и Правительствэм хэтхэр, федеральнэ мыхьэнэ зиIэ щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэр, щIыпIэ самоуправленэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщIхэр.**

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ мэкъумэшым епха къэрал программэхэм я гъэзэщIэкIэм, цIыхубэм хуащI жылагъуэ дэIэпыкъуныгъэхэм, щIыналъэм и жылагъуэ-экономикэ зыужьыныгъэм и стратегиер здынэсыпхъэ мардэм.

КъБР-м и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Казбек** зэIущIэр къыщызэIуихым жиIащ: «КъызэщIэубыдауэ къапщтэмэ, ди экономикэр лъэныкъуэ псомкIи йофIакIуэ, лъэпкъ проектхэри хъарзынэу мэлажьэ. ФокIадэм и 1-м республикэм школищ щIэуэ къыщызэIуахащ, сабий мин 20-м щIигъу школым щIэтIысхьащ - школыщIэм е зыхуей хуэзэу зэрахьахэм. ЩIышылэ - мэкъуауэгъуэ мазэхэм я зэхуакум республикэм и мылъкум инвестицэу къыхалъхьахэм я процент бжыгъэр илъэс блэкIам ейм елъытауэ 125,8-рэ мэхъу. Урысейм и кIуэцIкIэ ар процентi 107-м нос. Республикэм и бюджетыр мазийм и кIуэцIкIэ хэхъуащ проценти 114-кIэ. Мэкъумэшым и гугъу тщIымэ, гъавэ Iухыжыным дыпэрыхьа къудейщ. ШыщхьэуIум и 1-м ирихьэлIэу пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракIуэхэкIыу тонн мини 105,6-рэ Iутхыжащ, Урысейм псом и кIуэцIкIэ - проценти 101,4-рэ. Промышленнэ зыужьыныгъэм и индексыр проценти 103-рэ мэхъу, ари къэралым щынэхъ лъагэщ. Ухуэныгъэ къудамэм проценти 113-кIэ зиужьащ, ар Урысейм и кIуэцIкIэ проценти 108-рэ мэхъу, унэщIэ ухуэнымкIэ проценти 103-кIэ ипэкIэ дыкIуэтащ, ар метр зэбгъузэнатIэу мин 261-рэ мэхъу. ЦIыхубэм я хэхъуэм и нэщэнэу къэув щапхъэхэм язщ сатум щызекIуэ мылъкур. Ар ди республикэм проценти 105,9-м щынос, Урысейм и кIуэцIкIэ - проценти 102-рэ. Жылагъуэм Iэрыхьэ ерыскъыхэкIхэу къыщIагъэкIар проценти 122-м нос, пщIэкIэ зыхуей зэрызыхуагъазэ лъэныкъуэхэр - проценти 113-рэ хъуащ. Псори Урысейм щызекIуэ бжыгъэхэм нэхърэ нэхъ лъагэщ къэдгъэлъагъуэхэр. Улахуэм - зи гугъу тщIыр ику ит бжыгъэращ - проценти 113-кIэ хэхъуащ, ар сом 38821-рэ мэхъу.

Аращи, ди хэхъуэхэм я зыубгъукIэр Урысейм и кIуэцIкIэ щыинщ, КИФЩI-р къапщтэмэ, Ставрополь краймрэ дэрэ дызэхуэдэщ. ЩIышылэ - мэкъуауэгъуэ мазэхэм я зэхуакум цIыхубэм я хэхъуэм зэрызихъуэж щIыкIэр проценти 115,7-м нэсащ. Ар фэрэ дэрэ дызэрылэжьам къыдэкIуа Iуэхущ, цIыхубэм яIэрыхьэ ахъшэм хэгъэхъуэным дяпэкIи делIэлIэнущ. Ар стратегием и щытыкIэр къэзыгъэлъагъуэ бжыгъэ нэхъыщхьэхэращ. Зэманым и щытыкIэм тепщIыхьмэ, а дызэрежьам хуэдэу, адэкIи зыри Iэпэдэгъэлэл дымыщIу дылэжьапхъэщ, зыхуэдгъэувыжа къалэнхэр дгъэзэщIэн хуэдэу».

Агропромышленнэ комплексым и Iуэху зыIутым теухуауэ къэпсэлъащ мэкъумэш хозяйствэмкIэ министр **Сыжажэ Хьэсэн**. Абы зэрыжиIэмкIэ, дызэрыт илъэсым и япэ мазиблым къриубыдэу, мэкъумэш продукцэу сом мелард 22-рэ и уасэ къыщIагъэкIащ, ар проценти 5,5-кIэ нэхъыбэщ 2022 гъэм а пIалъэ дыдэм зэрыщытам елъытауэ.

Илъэсым зэрыщIидзэрэ псы зыщIагъэлъадэ щIыхэм гектар мини 5, 7-кIэ къахэхъуащ, щIыналъэм псы щIэзыгъэлъадэ машинэу 348-рэ итщ, спринклер IэмалкIэ лажьэ системэ 20 диIэщ.

Промышленностым ерыскъыхэкIрэ псыIэфIу къыщыщIагъэкIхэм я индексми зихъуэжащ. ЕрыскъыхэкI хьэзырхэм я бжыгъэр процент 12,8-кIэ хэхъуащ, псыIэфIхэм ейр - зырэ ныкъуэкIэ. ТхъуцIынэу, шатэу, шхууэ, кхъуейуэ, лырэ IэфIыкIэу, крахмалу, хьэжыгъэу, комбикорму, фадэхэкIрэ фадэ зыхэмыт, минеральнэ псыуэ къыщIагъэкIхэм я бжыгъэм хохъуэ. ГъэфIэIугъуэ пIалъэр къызэрихьэрэ пхъэщхьэмыщхьэрэ хадэхэкIыу банкI мелуани 133-рэ траIуэнтIащ.

Пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ хадэхэкIхэмрэ щахъумэхэм тонн мин 273-рэ щIэлъщ. Мы гъэм тонн мин 31-рэ зыщIэхуэну хъумапIэхэри къызэIуахынущ. Шэджэм хуабэщыщIэрэ пхъэщхьэмыщхьэхэм щелэжь консерв заводрэ щаутIыпщащ, зы жэщ-зы махуэм хадэхэкIыу тонн 2450-рэ зыхуей хуигъэзэу.

Къуажэхэм зегъэужьыным епха къэрал программэм ипкъ иткIэ, проект зыбжанэ ягъэзащIэ. Абыхэм яхеубыдэ Псыхъурей, Щхьэлыкъуэ къуажэхэм, Эльбрус жылагъуэм сабий садхэр зэрыщызэрагъэпэщыжыр, щэнхабзэмкIэ унэхэр, спортымкIэ унэхэр зэрыщаухуэр, Солдатскэ станицэм екIуалIэ гъуэгур зыхуей зэрыхуагъазэр.

Мыхьэнэшхуэ иIэщ мэкъумэш лэжьыгъэхэм иджырей IэмэпсымэхэмкIэ елэжьын зэрыщIадзам, щIыхэр мелиорацэ зэращIым. Илъэситхум и кIуэцIкIэ агропромышленнэ комплексым и зыужьыныгъэм сом мелард 13 трагъэкIуэдащ. Мы гъэм къэралым абы зыщIигъэкъуащ сом меларди 3, 4-кIэ. А мылъкур токIуадэ мелиорацэм, мэкъумэшым елэжьхэм зэрызыщIагъакъуэ субсидиехэм, кIэртIоф гъэкIыным, хадэхэкIхэмрэ гъавэхэкIхэмрэ елэжьыным, фермерхэм ядэIэпыкъуным, сельхозкооперацэмрэ къуажэхэмрэ зегъэужьыным.

Мэкъумэшым елэжьхэм къалэн зыщащIыж ерыскъыхэкIкIэ шынагъуэ къэмыгъэхъуным, къыщIагъэкIхэр егъэфIэкIуэным, нэхъыбэ яхуэщэу хъуным. Илъэсым и кIэм мэкъумэшым къыщIигъэкI гъавэм и индексыр проценти 110-м нэсыну дыщогугъ, зыхуагъэувыжа къалэнхэр яхуэгъэзэщIэнущ.

КIуэкIуэ Казбек агропромышленнэ комплексым и лэжьэкIэм арэзы къищIащ икIи унафэ ищIащ Мэкъумэшымрэ промышленностым и лэжьакIуэхэмрэ я махуэм ирихьэлIэу, жэрдэмыщIэхэр къыхалъхьэну.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ цIыхубэм зэрадэIэпыкъу программэми. Абы теухуауэ къэпсэлъащ КъБР-м лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ и министр **Асанов Алим**. Хэку зауэшхуэм хэта ветеранхэмрэ абы фызабэ ихъукIахэмрэ дызэрыт илъэсым зэрызыщIагъэкъуа мылъкур сом мелуан 1,9-м нэсащ, министрым зэрыжиIэмкIэ. ТекIуэныгъэм и махуэм ирихьэлIэу, республикэм щагъэуващ зэ тыгъуэу ят мылъку, сом мини 5 хъууэ. Псори зэхэту сом мелуани 5, 4-м нэс ветеранхэм хуагуэшащ.

КъинэмыщIауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыхалъхьауэ щолажьэ жьы хъуа цIыхухэм зэрызыщIагъэкъуэну программэщIэ, пIалъэ кIыхьым тещIыхьауэ. Абы трагъэкIуэдэну я мурадщ сом мелуан 27, 8-рэ икIи лэжьыгъэхэм щIадзакIэщ.

(КIэухыр 2-нэ нап.)

adyghe@mail.ru • adyghepsale.ru • apkbr.ru • smikbr.ru • Адыгэ Псалъэ • Адыгэ Псалъэ

# Нэхъыфlыжу дылэжьэн хуейуэ аркъудейщ

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).*

Зы системэм тет сабий пособиехэмкIэ къызэщIэубыда хъуащ унагъуэ мин 57-рэ. Абыхэм яхеубыдэ сабий мин 71-м щIигъу. Псори зэхэту ят сабий ахъшэхэр сом меларди 4,3-м нос. Ещанэ сабий е нэхъыбэ къызыхэхъуа унагъуэхэм мазэ къэс мылъкукIэ зыщIагъакъуэ, сабийхэм я ныбжьыр илъэсищым нэсыху. Апхуэдэ тыгъэ иужьрей мазиблым яIэрыхьащ унагъуэ мин 32, 6-м. ХуэмыщIа унагъуэхэм я сабийхэр узыншагъэм щеIэзэ Iуэхущ IапIэхэм пщIэншэу ягъакIуэ, гъэ еджэгъуэм и пэм мылъкукIэ зыщIагъакъуэ.

2023 гъэм щIышылэм и 1-м къэралым сабийхэм зэрызащIигъакъуэ мылъкум хагъэхъуащ, ахъшэм къыщIэкIым зэрыкIэрыхуам ипкъ иткIэ, гъащIэм нэхъ мащIэ дыдэу текIуадэ бжыгъэри къыкIэлъыкIуэ илъэсым ехьэлIауэ яубзыхуащ.

Республикэм и Iэтащхьэм жиIащ: «Дэ къыдгуроIуэ мы щытыкIэр сабий зэрыс унагъуэм зыщIэгъэкъуэн зэрыхуей политикэр езымыгъэкIуэтэкI Урысейм и Президентым псом япэ и фIыгъэу зэрыщытыр». КIуэкIуэ Казбек иджыри къыхигъэщащ сабий зэрыс унагъуэхэм республикэри зэрадэIэпыкъур, а лъэныкъуэмкIэ ятын хуей ахъшэмкIэ щIыхуэ зыри зэратемылъыр. Ар къытеувыIащ мы къудамэм щылажьэ цIыхухэм ябгъэдэлъыпхъэ хьэлми: «Президентым зэрыжиIауэ, цIыхур цIыхум хуэлэжьэну щыкIуэкIэ, щытыкIэ гугъум итхэм гулъытэ нэхъыбэ хуащIыфу щытыпхъэщ».

КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр **Рахаев Борис** къыщыпсалъэм жиIащ Урысейм и Президент Путин Владимир къыхилъхьа, 2019 - 2023 гъэхэм зыхуагъэувыжа проектхэр ягъэзэщIэху, Къэбэрдей-Балъкъэрым курыт школи 9 къызэрыщызэIуахар, еджакIуэ 5120-м ятещIыхьауэ. Сабийхэр зэкIуалIэ IуэхущIапIэу 52-рэ яухуащ, еджакIуэ 3020-рэ щIэхуэу, спорт унэу 134-рэ зэрагъэпэщыжащ, узыншагъэм щеIэзэ IуэхущIапIэ 14 зыхуей хуагъэзащ, щэнхабзэмкIэ унэу 31-рэ зэIузэпэщ ящIащ, 9 щIэуэ яухуащ, автомашинэ гъуэгуу километр 830-рэ зэрагъэпэщыжащ, метр зэбгъузэнатIэ мин 17 хуащIащ цIыхухэм псэупIэу, псы зэбгрызыш IуэхущIапIэ 56-м лэжьыгъэхэр и кIэм щынагъэсащ, Тырныауз дэт вольфрам-молибден комбинатым къедза щIыпIэр зэлъыIуахащ. 2019 гъэм щегъэжьауэ лъэпкъ проектхэм текIуэдащ сом мелард 47, 5-рэ, абыхэм ящыщу IуэхущIапIэщIэ ухуэным, ахэр зэгъэпэщыжыным, зыхуей хуэгъэзэным псори зэхэту сом мелард 28-рэ ятекIуэдащ.

Дызэрыт илъэсым лъэпкъ проектхэм хуаутIыпщащ сом мелард 11,1-рэ, ар 2019 гъэм елъытауэ тIукIэ нэхъыбэщ. Сом меларди 7 хухахауэ, иджыпсту йокIуэкI объект 80-м щIигъу зэгъэпэщыжыным, пщIантIэхэр зыхуей хуэгъэзэным, цIыхухэм унэщIэ етыным епха лэжьыгъэхэр. Спорт лIэужьыгъуитхум зыщыхуагъэсэн комплекс, мыл уардэунэ, школыщIэу 16, щэнхабзэмкIэ унибл, узыншагъэм щеIэзэ IуэхущIапIэу 15 яухуэ, зэIузэпэщ ящIыж. Пэш 1001-м, ущыпсэу мыхъужыну унэ 63-м, метр зэбгъузэнатIэу 32000-рэ къызэщIэзыубыдэм, цIыху 2669-рэ къыщIагъэIэпхъукIынущ, цIыху зэхэзекIуапIэу 41-рэ, унэ пщIантIэу 110-рэ зыхуей щыхуагъэзэнущ муниципальнэ щIыпIэу 38-м. Зыхуей хуагъазэ километри 160-м нэс гъуэгухэр, метр 275-рэ зи кIыхьагъ лъэмыжхэр, километр 80-р и кIыхьагъкIэ къагъэнэхуащ. КъинэмыщIауэ, проектхэм я зэпеуэм щытекIуа, Нарткъалэ дэт «Нарт» паркыр зэрагъэпэщыж. Дызэрыт илъэсым туризмэм зегъэужьынымкIэ грант къэзыхьа IуэхущIапIэхэм проекти 5 ягъэзэщIэнущ, абыхэм ятекIуэдэнущ сом мелуан 33,7-рэ. Къэралым инвестицэхэм пыщIа проектхэм зэрызащIигъакъуэм ипкъ иткIэ, 2023 гъэм псори зэхэту сом мелуан 97,4-рэ зытекIуэдэну проекти 3 ягъэзэщIэну я мурадщ.

Къалэн зыщищIыжа проектхэр зэригъэзащIэм теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Урысейм иужьрей мазиблым и кIуэцIкIэ 2-нэ увыпIэр щиIыгъщ, КИФЩI-м лъэпкъ проектхэр зэрыщызэфIихам и лъэныкъуэкIэ - япэ увыпIэр.

Министрым къихьащ макроэкономикэмкIэ бжыгъэхэри. Илъэситхум и кIуэцIкIэ мэкъумэшым къыщIигъэкIа продукцэр хуэдэ 1,4-кIэ хэхъуащ. 2018 гъэм щегъэжьауэ ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр тIукIэ бэгъуащ. 2018 - 2022 гъэхэм къриубыдэу, метр зэбгъузэнатIэу мелуани 2,4-рэ яухуащ. Инвестицэхэм я бжыгъэр 2018 гъэм сом мелард 35-уэ щытамэ, 2022 гъэм ар сом мелард 58-м нэсащ. Сатум щызекIуэ мылъкур 2018 гъэм сом меларди 127,5-уэ щытамэ, 2022 гъэм ар сом мелард 245-м нэсащ. Зэрызихъуэж псынщIагъыр проценти 193-м нос. ЦIыхухэм пщIэкIэ хуащIэ Iуэхутхьэбзэхэм 2018 гъэм щегъэжьауэ процент 42-кIэ хэхъуащ. КъБР-м и бюджетыр къызэщIэубыдауэ 2018 гъэм щегъэжьауэ хуэдитIкIэ хэхъуащ. Налогхэмрэ налогыу щымыт ахъшэмрэ республикэм кърат мылъкур процент 35-кIэ хэхъуащ.

ЛэжьапIэншэхэм я бжыгъэм илъэс зыбжанэ хъуауэ зихъуэжыркъым. Иджыри къэс ар проценти 10-м тетащ, зи лэжьэгъуэ ныбжьым итхэм тепщIыхьмэ. Дызэрыт илъэсым ари проценти 9,6-кIэ хэщIащ. Бадзэуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу лэжьапIэншэу цIыху мини 5,3-рэ исщ республикэм, ар илъэс блэкIам елъытауэ тIукIэ нэхъ мащIэщ. А зэхъуэкIыныгъэм и щхьэусыгъуэр экономикэр цIыху нэхъ хуэныкъуэ зэрыхъуарщ. Я щхьэ хуэлэжьэжхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я бжыгъэр 2023 гъэм шыщхьэуIум и 1-м ирихьэлIэу цIыху 113251-рэ мэхъу, ар 2019 гъэм елъытауэ хуэди 2,7-кIэ нэхъыбэщ.

Туризмэм къызэщIиубыдэ цIыху бжыгъэр хуэди 2,2-кIэ хэхъуащ. Илъэсым и япэ Iыхьэм республикэм къэкIуащ цIыху мин 621-рэ, ар блэкIа гъэм нэхърэ процент 12,9-кIэ нэхъыбэщ.

ЗэIущIэм и кIэм КIуэкIуэ Казбек жиIащ: «Унафэ зыIэщIэлъ дэтхэнэ къулыкъущIэми лэжьэгъуэ пIалъэрэ ищIам къерикIуар щилъагъуж зэманрэ иIэщ. Си дежкIэ нобэрей зэIущIэм мыхьэнэшхуэ иIэщ, абы илъэситху блэкIар къызэщIеубыдэри. Пэжщ, зыгуэрхэр къыдэхъулIащ. Псалъэм папщIэ, хэхъуэу сом мелард 18-м нэс мы гъэм диIэну дыпоплъэ. Абы и фIыгъэкIэ улахуэм хэдгъэхъуэфынущ, хущхъуэ къэзымыщэхуфхэм защIэдгъэкъуэфынущ, сабийхэм зэреджэн тхылъ къахудэдгъэкIыфынущ, къэралым къигъэув нэгъуэщI къалэнхэр тхуэгъэзэщIэнущ. Ауэ адэкIи къытпэщылъхэм дегупсысын, стратегие диIэн хуейщ. 2024 гъэм дэ езым ди хэхъуэу сом мелард 20-м нэхърэ нэхъ мащIэ диIэ хъунукъым. Сабийхэм къанэ имыIэу зыхуэныкъуэ тхылъхэр къахудэдгъэкIын хуейщ. Абы текIуэдэнущ сом мелуан 300. Хущхъуэ къэзымыщэхуфхэм нэхъ мащIэу сом мелуан 200-кIэ защIэдмыгъакъуэу хъунукъым, улахуэм хэдгъэхъуэнумэ - иджыри зы мелард а псом хэдгъэхъуапхъэщ. Аращи, сом мелардрэ никъуэрэ ди къалэнхэр дгъэзэщIэн папщIэ, езыр-езыру къыкъуэкI Iуэху блэкIхэм ятекIуэдапхъэ сом мелуан 500 хуэдиз дыхуэныкъуэнущ. Апхуэдэ къару дэ диIэщ. Псори тхузэфIэкIынущ. КъыкIэлъыкIуэ илъэсым хэхъуэ зэрыдиIэнуми шэч хэлъкъым. Нэхъыфlыжу дылэжьэн хуейуэ аркъудейщ».

● КъБР-м и Парламентым



# Гулъытэ хэха зыхуащIыну унэтIыныгъэхэр

**КъБР-м и Парламентым и президиумым хэтхэм я бжьыхьэ лэжьэгъуэ пIалъэр яублащ. Абы и япэ зэIущIэм щытепсэлъыхьащ Iуэхугъуэ 20-м щIигъум, депутатхэм гулъытэ хэха зыхуащIыну унэтIыныгъэхэр къагъэнаIуэу. Апхуэдэхэм халъытащ хэхакIуэхэм ядэлэжьэныр, гъунэгъу щIыналъэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхам хэт ди зауэлIхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ ядэIэпыкъуныр.**

ПРЕЗИУМЫМ хэтхэм я зэхуэсыр къызэIузыха, КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ** а Iуэхугъуэхэр къыхигъэбелджылыкIащ икIи жиIащ депутатхэм я бжьыхьэ сессиер лэжьыгъэ купщIафIэхэмкIэ гъэнщIауэ зэрекIуэкIынур.

- Дубзыхуа планым ипкъ иткIэ, жыджэру делэжьынущ хабзэхэр къэщтэным, къэпщытэныгъэ-аналитикэ Iуэхугъуэ куэди зэфIэтхынущ: «стIол хъурейхэр», комитетхэм я зэхуэс инхэр, «правительствэ сыхьэтхэр», Iуэхугъуэ хэхахэмкIэ едэIуэныгъэхэр, Парламентым и президиумым щIыпIэхэм щригъэкIуэкIыну зэхуэсхэр, нэгъуэщIхэри. Иужьрей Iуэху бгъэдыхьэкIэм щхьэхуэу сыкъытеувыIэну сыхуейт. Комитетхэм жыджэру къагъэсэбэп а Iуэху зехьэкIэ мардэр. АтIэми, дяпэкIэ, «правительствэ сыхьэтым», «комитетхэм я сыхьэтым» ипэ къихуэу дывгъакIуэ абыхэм къыщаIэтыну Iуэхугъуэхэр зытещIыхьа щIыпIэхэм, дахуэвгъазэ цIыхухэм икIи щыгъуазэ зыхуэдвгъэщI а «сыхьэтхэр» зытещIыхьауэ щытынухэм. ИтIанэ, дэри Iуэхум хэтщIыкIыу, дедэIуэнщ властым и органхэм абы теухуауэ къыджаIэм. Псом хуэмыдэу гулъытэ нэхъыбэ хуэщIыпхъэщ Парламентым къищта унафэхэр щIыпIэхэм зэрыщагъэзащIэм кIэлъыплъыным, - къыхигъэщащ Егоровэ Татьянэ.

Бжьыхьэ зэхуэсыгъуэм къызэщIиубыдэну лэжьыгъэшхуэхэм ящыщщ республикэм 2024 гъэм тещIыхьа и финанс дэфтэрыр къэщтэныр, 2025 - 2026 гъэхэми абыкIэ яIэ планхэми хэплъэныр. КъинэмыщIауэ, хабзэубзыху IэнатIэм и пашэм депутатхэр къыхуриджащ хэхакIуэхэм ядэлэжьэным гулъытэ хэха хуащIыну.

- Апхуэдэу ди нэIэм щIэдгъэкI хъунукъым СВО-м хэт зауэлIхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ ядэIэпыкъуныр. А Iуэхугъуэм теухуауэ дызэхуэсынущ мыгувэу. Дэ жыджэру дыдэлэжьэн хуейщ «Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондым, абы и IуэхущIафэхэм щыгъуазэ зыхуэтщIу, хуей хъумэ, дэIэпыкъуэгъу дахуэхъуу, ди зауэлIхэр ныхуэныкъуэхэмкIэ къызэдгъэпэщыну дыхьэзыру, - жиIащ абы.

Дызэрыт илъэсыр Парламентыр илъэс 30 щрикъу зэману зэрыщытым къыхэкIыу, абы теухуа Iуэхугъуэ куэди игъэбелджылащ спикерым. Апхуэдэхэщ, къапщтэмэ, курыт школхэм я еджакIуэхэм, студентхэм, щIалэгъуалэм ядегъэкIуэкIыпхъэ зэIущIэхэр, хэхакIуэхэм яхуэзэныр, спорт зэхьэзэхуэхэр къызэгъэпэщыныр, нэгъуэщIхэри. КъБР-м и ЩIалэгъуалэ палатэм и еянэ зэхуэсым лэжьэн зэрыщIидзар къыхигъэщри, Егоровэм депутатхэр къыхуриджащ зи щIалэгъуэхэм нэхъ жыджэру япыщIауэ щытыным.

А Iуэхугъуэхэм нэмыщI, президиумым и зэхуэсым щыхэплъащ хабзэ зыбжанэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным епха Iуэхугъуэхэм. Абы и лъэныкъуэкIэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м и Парламентым МэкъумэшымкIэ, щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымрэ ар хъумэнымкIэ и комитетым и пашэ **ТекIушэ Артур**.

Президиумым хэтхэм гулъытэ зыхуащIа унэтIыныгъэхэм ящыщщ социальнэ IэнатIэм, узыншагъэр хъумэным, хьэрычэтыщIэ Iуэхум, жылагъуэ шынагъуэншагъэм, нэгъуэщIхэми епха федеральнэ хабзэхэм я проектхэр. Ахэр арэзы техъуащ хабзэ зыбжанэм зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэнымкIэ щыIэ жэрдэмхэу УФ-м щызекIуэ кодекс зэмылIэужьыгъуэхэм ехьэлIахэм.

Парламентым и президиумым и зэхуэсым къыщыпсэлъахэм ящыщщ абы и комитетхэм я пашэхэу **Кривко Михаил**, **Къэжэр Хъусен** сымэ.

Зытепсэлъыхьа Iуэхугъуэхэр зи лъабжьэ унафэхэмрэ чэнджэщхэмрэ къыщащтащ зэхуэсым.

***КъБР-м и Парламентым я пресс-IуэхущIапIэ.***

# Республикэр зыIэтхэр

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэралыгъуэм и махуэм и щIыхькIэ, КъБР-м и Парламентым дыгъуасэ щагъэлъэпIащ республикэм и лэжьакIуэ пажэхэр.**

ЗЭХУЭСЫР къыщызэIуихым, КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ къыхигъэщащ республикэм щыпсэухэм я дежкIэ махуэшхуэм и мыхьэнэр илъэс къэс нэхъ ин икIи нэхъ куу зэрыхъур.

- Урысей Федерацэм и автоном щIыналъэу къызэрагъэпэщу, Къэбэрдей-Балъкъэрым къэралыгъуэ зэригъуэтар ди республикэм и тхыдэм и лъэхъэнэщIэу къэплъытэ хъунущ икIи а Iуэхум къыдэкIуащ ди экономикэ, щэнхабзэ, социальнэ зыужьыныгъэхэр, - жиIащ Егоровэм. - Шэч хэмылъуи, блэкIа илъэс пщIы бжыгъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым ехъулIэныгъэшхуэхэр зригъэгъуэтащ. Ди нэхъыжьхэм я щапхъэр я гъуазэу, нобэ республикэм и цIыхухэм пащэ а IуэхугъуэфIхэм. КъБР-м и Парламентым къедгъэблэгъахэм я фIыщIэ хэлъщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэщIэр бэIутIэIуншэу ухуа зэрыхъум. Дэтхэнэми и лэжьыгъэр зэрыщхьэпэр къигъэлъагъуэу къызолъытэ щIыналъэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и дамыгъэр нобэ зэрыхуагъэфэщам. Ди пэшым щIэсщ дохутырхэр, цIыхухэм я псэукIэр езыгъэфIакIуэхэр, щэнхабзэм, спортым, туризмэм, экономикэм я лэжьакIуэ пажэхэр. Ахэр я гуащIэ емыблэжу махуэ къэс иужь итщ зыпэрыт IэнатIэм зэрызрагъэужьыным, ди лъахэр, ди къэралыр зэрырагъэфIэкIуэным. Пэжщ, дэтхэнэри IэщIагъэ хэха иIэжу мэлажьэ, ауэ языхэзми и къалэныр егъэзащIэ Хэкум хуэпэжу, псэемыблэжу. ФIыщIэ фхузощI апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэ фызэриIэм щхьэкIэ. Республикэм и махуэмкIэ си гуапэу сынывохъуэхъу ехъулIэныгъэщIэхэр фиIэну, фи унагъуэхэр зэIузэпэщу псэуну.

КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъыр цIыху 30-м иратащ. Абыхэм ящыщт республикэм парламентаризмэм зегъэужьыным, законхэр убзыхуным хэлъхьэныгъэ зэрыхуащIым къыхэкIыу дамыгъэр зыхуагъэфэща, КъБР-м и Парламентым Экономикэ политикэмкIэ, зыужьыныгъэмрэ хьэрычэт IуэхумкIэ и комитетым и унафэщI Iэпщэ Зауррэ ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и комитетым хэт Киреевэ Надеждэрэ.

Егъэджэныгъэ IэнатIэм зегъэужьыным зэрыхэлIыфIыхьым папщIэ, ягъэлъэпIащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым ветеринарнэ медицинэмкIэ и кафедрэм и профессор Пыл Iэуес, Налшык къалэм и лицей №2-м и егъэджакIуэхэу Харебашвили Циалэрэ (тхыдэмрэ обществознаниемрэ езыгъэдж) ШытIу Инессэрэ (урысыбзэмрэ урыс литературэмрэ).

Апхуэдэуи КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъыр хуагъэфэщащ щIыпIэ унафэр зехьэнымкIэ IэнатIэм, КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэнымкIэ и центрым, ЛэжьыгъэмкIэ, цIыхухэм IэнатIэ егъэгъуэтынымрэ защIэгъэкъуэнымкIэ республикэ IуэхущIапIэм, КъБР-м ЛэжьыгъэмкIэ и къэрал инспекцэм, физическэ щэнхабзэмрэ спортымкIэ и IэнатIэм я лэжьакIуэ щхьэхуэхэр.

Къыхэгъэщыпхъэщ КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъыр зыхуагъэфэщахэм зэрахэтыр лэжьыгъэм и ветеран Джатокъуэ Казбек, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Геккиев Заур и дэIэпыкъуэгъу Суйдым Оксанэ сыми.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и ФIыщIэ тхылъыр хуагъэфэщащ цIыху 11-м. Абыхэм ящыщщ КъБР-м ЕгъэджэныгъэмрэщIэныгъэмкIэ и министерствэм епха школ-интернат №1-м и лэжьакIуэхэу Маргуэ ФатIимэ, Уэрыш Маринэ, Щоджэн Светланэ сымэ. ФIыщIэ тхылъыр иратащ республикэм и щэнхабзэм, экономикэм, псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэм, туризмэм зезыгъэужьхэм.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# УІэгъэ мыкІыж

● Жылагъуэ палатэ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и зи чэзу зэІущІэ зэхэтащ. Ар теухуауэ щытащ щІыхур терроризмэм, экстремизмэм щыхъумэным хуэунэтІауэ мы организацэм илэжьыфынумрэ зыхуигъэувыж къалэнхэмрэ.**

ЗЭХУЭСЫР къызэгъэпэщыным нэхъыбэу щхьэусыгъуэ хуэхъуар 2004 гъэм и фокІадэ мазэм и япэ махуэм, сабийхэм гъэ еджэгъуэщІэм щыщІадзэжым, ди гъунэгъу Осетие Ищхъэрэм щыщ Беслъэн къалэм къыщыхъуа гуауэшхуэрщ.

- Ди къэралым и блэкІам ухэплъэжмэ, гузэвэгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр и тхыдэм къыхощыж, ауэ мыбы нэхърэ нэхъ гущІыхьэ, цІыхум егъэлеяуэ къатехьэлъа къэхъуауэ къыщІэкІынкъым. Гуауэшхуэщ сабийхэм къатепсыха а насыпыншагъэ нэгум щІэмыкІыжыр. Мыр уІэгъэ мыкІыжынщ, - жиІащ Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэ **Берд Хьэзрэталий**. КъекІуэлІахэм Беслъэн къыщыхъуауэ щытам зи гъащІэр хэзылъхьахэр гум къагъэкІыжу я фэеплъым и щІыхькІэ щхьэр ягъэщхъащ.

Иджырей Урысей къэралыгъуэм къалэн нэхъыщхьэ дыдэу иІэ хъуащ экстремизмэмрэ терроризмэмрэ щымыгъэІэныр, абыхэм кІэ етыныр. Ди къэралыр абы илъэс 30 хъуауэ щІобэн. Нобэ ди нэгу щІэкІ зауэ-банэхэм къадокІуэ лъыгъажэщІэхэр. Ар зыфІэкъабылхэм, мурад фІей зиІэхэм, терроризм къэгъэхъуныр къалэн зыщызыщІ гупхэм я бжыгъэм хохъуэ. Зэрытщіэщи, абы и къыщІэгъэстакІуэ нэхъыщхьэхэр Украинэр зи блыгу щІэт, зи жыІэ едаІуэ, зыгъэгушхуэ, Іэщэрэ ахъшэкІэ къыдэІэпыкъу къэралхэрщ. Дызэрыщыгъуазэщи, абыхэм ябзыщІынуи загъэхьэзыркъым ди къэралым и дэнэ щІыпІи нэщхъеягъуэхэр къыщагъэхъуну зэрыхуэпІэкъур. ФІы дыдэу дощІэ, ди гъунэгъу къудей мыхъуу, ди къуэшу къэтлъытэу, зы къэралыгъуэм дыхэту щыта республикэр гъуэгу пхэнж тезыгъэувауэ зыгъэгушхуэхэр хэт сымэми. Уимыгъэгузавэу къанэркъым къызэщІэгъэстакІуэхэм я мурадхэм, ауэ ди дзэм къыпэлъэщыркъым. Ди Хэкум и хъумакІуэхэм я къалэнр хахуэу, дагъуэншэу ягъэзащІэ. Шэч къытетхъэркъым ахэр зэрытекІуэнум, ауэ гуауэщ лажьэ зимыІэ, мамыру псэу цІыхухэр мафІэ лыгъейм зэрыхэкІуадэр.

Америкэм и Штат Зэгуэтхэр я пашэу, абы и унафэр псом яхэкъуэ къэзылъытэ икІи зыгъэзэщІэ къэралхэм терроризмэмрэ экстремизмэмрэ я политикэмкІэ Украинэм и зауэлІхэм я щхьэр якудэ. А псор зыхуэгъэпсар, лъыгъажэ зауэр кІыхьлІыхь ящІу, Урысей Федерацэр махэ щІыныращ. Абы папщІэ интернетри, ди къэралым епцІыжу щІэпхъуэжауэ зи хэкум къебийхэри, нэгъуэщІ Іэмалхэри къызэрагъэсэбэпыным яужь итщ.

Ди республикэри 2005 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм терроризмэм и Іэужь гузэвэгъуэм хэтащ махуитІкІэ, ди къалащхьэ Налшык щІэпхъаджащІэхэр къыщытеуам. Абы щыгъуэ мамыру псэу цІыхухэм яхащыщу 15, полицэм къулыкъу щызыщІэу 35-рэ хэкІуэдауэ щытащ.

Берд Хьэзрэталий и псалъэм адэкІэ къыхигъэщащ ар ди къэралым хуэгъэза зауэ лІэужьыгъуэщІэу зэрыщытым шэч къызэрытримыхьэр.

Зэрыкъэралу зыпэщІэтын хуей гузэвэгъуэщ ар. Дзэм, хабзэхъумэхэм я мызакъуэу, дэтхэнэ зыми а Іуэхум хузэфІэкІ зэрыхилъхьэным хущІэмыкъуу хъунукъым.

Мы зэІущІэм къызэрыщыхагъэщамкІэ, жылагъуэ организацэми хэлъхьэныгъэфІ хуищІыфынущ а лэжьыгъэм.

- Псом нэхърэ нэхъ шынагъуэр щІалэгъуалэм я акъылыр ягъэутхъуэну яужь зэритырщ. ГъащІэм куэд хэзымыщІыкІ ныбжьыщІэр нэхъ къэгъэпцІэгъуафІэщ. Абы къыхэкІыу, ди щІэблэр ямыгъэхутыкъуэн папщІэ, а Іуэхум гулъытэ нэхъыбэ хуэтщІын, дытелэжьэн хуейщ. Сыт нэхъыбэу тщІапхъэр? Псом ящхьэу гулъытэ хэха хуэщІыпхъэщ цІыхубэм зэрагъэпэщауэ, гъащІэм игъуэнэхуауэ къадекІуэкІ хъугъуэфІыгъуэхэм щІэблэр щІэгъэджыкІыным, дегъэхьэхыным, абы и мыхьэнэмрэ дахагъэмрэ зыхегъэщІэным, иджырей зэманым зызыубгъуа хъыбар нэпцІхэм щыхъумэным. Дэ ар дымыщІэмэ, нэгъуэщІ къытхуэгъазэу, къакІуэу телэжьэнукъым, - жиІащ Берд Хьэзрэталий.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**, Беслъэн къыщыхъуауэ щыта гуауэр игу къигъэкІыжу, жиІащ:

- Ди республикэм и президент КІуэкІуэ Валерэ и гъусэу, а хъыбар шынагъуэр щызэхэтхам, дэ занщІэу ди гъунэгъу Осетие Ищхъэрэм дыкІуащ икІи а махуэхэм Беслъэн дыщыІащ. ЕгъэлеяуэгущІыхьэт ди нэгу щІэкІар. ЩІэпхъаджащІэхэм къагъэсэбэп апхуэдэ Іэмал фІей лІэужьыгъуэхэм иужь зэманым нэхъри зауžь. Нобэ терроризмэм и Іэмалхэм я бжыгъэм хэхъуащ - политикэм, къэралым, диным, лэпкъым ехьэлІауэ хьэгъэщагъэ куэд ялэжь. Урысей Федерацэр апхуэдэхэм мымащІэу Іууащ. Ахэр, зэрытщІэжщи, Буйнакск, Москва, Дубровкэ, Беслъэн, «Домодедово» кхъухьлъэтапІэм, Налшык къыщыхъуахэрщ.

ЦІыхухэр я псэукІэкІэ хуабжьу зэрызэщхьэщыкІар, щІэблэм ягъэут гъэсэныгъэм хэлъ щыщІэныгъэхэр, нэгъуэщІхэри къагъэсэбэп террористхэм. Апхуэдэ гузэвэгъуэр гъэмэщІэн, щымыІэххэн папщІэ, Сэхъурокъуэм къызэрилъытэмкІэ, лъэпкъым и хъугъуэфІыгъуэ псоми сабийр щІэпІыкІын хуейщ - анэдэлъхубзэр, лъэпкъ тхыдэр, хабзэр джыным, хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм яхудиІэ пыщІэныгъэм, еджапІэхэм гъэсэныгъэ лэжьыгъэм зыщегъэужьыным, адэ-анэхэм я зэхущытыкІэр гъэбыдэным, унагъуэ зэхэтыкІэм, псэукІэм гулъытэ хэха яхуэщІыпхъэщ.

АдэкІэ къэпсэлъахэщ республикэм щІэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ **Мысост Екатеринэ**, Шэрэдж куейм цІыхур щІэпхъаджагъэм щыхъумэным хуэунэтІа лэжьыгъэхэр къыщызэгъэпэщыныр зи пщэ дэлъ **Османов Мухътар**, чыристан диным и лэжьакІуэ **Артуновэ Иринэ**, Къэбэрдей-Балъкъэрым и прокуратурэм къикІа **Шурдым Анзор**, ЩІалэгъуалэм зегъэужьыныммкІэ фондым и президент **Ковалёвэ Алинэ**, Нало Залым и цІэр зезыхьэ, ныбжьыщІэ ІэпщІэлъапщІэхэм я центру Нарткъалэ дэтым и гъэсакІуэ **Гулэжын Беслъэн** сымэ.

Къэпсэлъэныгъэхэр зэфІэкІа иужь, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэхуэсым хэтахэр къыхуриджащ, псоми зэщІагъакъуэу, хабзэ хъуауэ къекІуэкІ хьэл-щэн дахэм цІыхубэр хуэшэным телэжьэну, абы сыт и лэныкъуэкІи зрагъэужьыну, динри, щІэныгъэри, гъэсэныгъэри лъабжьэ хуэщІауэ, цІыхугъэр, гуапагъэр, мамырыгъэр ягъэлъэпІэну, лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр нэхъри ягъэбыдэну.

КъищынэмыщІауэ, мыбы къыщаІэтащ КъБР-м ЩІэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкІэ и министерствэм, «Хэкум и хъумакІуэхэр» къэрал фондым и къудамэу ди щІыпІэм щыІэм къыхалъхьам тету, зауэ щекІуэкІ щІыпІэхэм къулыкъу щызыщІахэр гъэсакІуэу щІалэ ныбжьыщІэхэм я деж къыщыгъэсэбэпын жэрдэмыр. ХьыбарегъащІэ ІуэхущІапІэхэр щІэблэр хэкупсэу къэгъэхъунымкІэ лэжьыгъэ нэхъыбэ къызэрагъэпэщыну, зэчэнджэщу ар яубзыхуну къыхураджащ. Абы папщІэ, дэ Іуэху хэхам хэтауэ къэкІуэжахэм яІуэтэжхэр нэхъыбэу цІыхубэм я деж нагъэсыныр зэрафІэтэмэмри къыхагъэщащ.

**ШАФИЙ** Аслъэн.

Фокlадэм и 8-р ЩІэныгъэ зэгъэгъуэтыным и дунейпсо махуэщ

# Егъэджэныгъэм лъэщу зыщиужь къэрал

**ЩІэныгъэ зэгъэгъуэтыным и дунейпсо махуэр гъэлъэпІэн зэрыщІадзэрэ мы гъэм илъэс 57-рэ ирокъу. ЩІыпІэ куэдым щаІэт а махуэшхуэр Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм (ООН-м) и унафэкІэ ягъэувауэ щытащ 1966 гъэм фокІадэм и 8-м. Абы щыгъуэ Тегеран къыщызэІуахат егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ министрхэм я дунейпсо зэхуэсышхуэ.**

ЩІЫ хъурейм и къэрал куэдым я лІыкІуэхэр къызрихьэлІа а конференцым щытепсэлъыхьауэ щытащ цІыхубэм щІэныгъэ егъэгъуэтыным, къеджэкІэ, тхэкІэ, бжэкІэ ящІэу щІэблэр къэгъэтэджыным мыхьэнэшхуэ зэриІэм. НэгъуэщІуи хъунукъым: дуней псор къапщтэмэ, еджэкІэрэ тхэкІэрэ зымыщІэ цІыху балигъхэм я бжыгъэр мелуан 800-м ноблагъэ. Абыхэм я нэхъыбапІэр бзылъхугъэщ. Школ кІуэгъуэ ныбжьым нэса сабийхэм ящыщу еджэну Іэмал яІэкъым мелуан 75-м щІигъум.

ЦІыхубэр егъэджэныр дэнэкІи къыщызэгъэпэщыныр зи къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщ а ІэнатІэм ноби лэжьыгъэшхуэ зэфІех. Абы и пашэ Гутерреш Антониу зэрыжиІамкІэ, ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм и унафэкІэ 2010 гъэм къыщыщІэдзауэ Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм хыхьэ къэралхэм егъэджэныгъэм, щІэныгъэ зэгъэгъуэтыным я илъэсипщІ ирагъэкІуэкІащ. ООН-м и апхуэдэ унафэр и лъабжьэу, Урысей Федерацэм щекІуэкІащ ЕгъэджакІуэм и илъэсыр. 2021 гъэр ягъэуващ ЩІэныгъэмрэ технологие псрытхэмрэ я илъэсу. 2023 гъэр йокІуэкІ ЕгъэджакІуэмрэ унэтІакІуэмрэ я илъэсу. Апхуэдэщ илъэс зыбжанэ ипэкІэ УФ-м и Президентым къыхилъхьауэ щыта «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектри. Абы и унэтІыныгъэхэм япкъ иткІэ школ куэдым сом мелуан зырыз хъу къэрал дэІэпыкъуныгъэ ягъуэтащ, егъэджакІуэщэхэр сом мин 200, 100, 50 зырыз хъу саугъэтхэмкІэ ягъэпэжащ. Илъэс блэкІам и закъуэ федеральнэ бюджетым къыхэкІыу а проектым хуаутІыпщащ сом меларди 100-м щІигъу, псори зэхэту къапщтэмэ, абы нобэр къыздэсым хухахащ сом мелард 900-м щІигъу. 2024 гъэ пщІондэ щІыналъэхэм иджыри яІэрыхьэнущ сом мелард 300-м щІигъу.

КъищынэмыщІауэ, УФ-м и Президентым къыхилъхьащ «Ди школыщІэ» программэр. Абы къызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, дяпэкІэ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэр нэхъыбэу зыхуэунэтІауэ щытын хуейр ныбжьыщІэхэр зэрыщрагъаджэ щІыкІэм и фІагъыр хэпщІыкІыу егъэфІэкІуэнымрэ школакІуэ зэчиифІэхэр гъэпэжэнымрэщ. Гулъытэ хэха хуащІ школакІуэхэр я ныбжьымрэ я зэфІэкІымрэ елъытауэ егъэджэным, ерыскъы пщтырІкІэ гъэшхэным, санитар-гигиенэ хабзэхэм изагъэу лэжьыгъэ псори школым къыщызэгъэпэщыным.

Статистикэм къызэригъэлъагъуэмкІэ, ди къэралым мы зэманым щолажьэ школ мин 70-м щІигъу, еджапІэ нэхъыщхьэу 1024-рэ. Абыхэм щІэныгъэ щызрагъэгъуэт сабий мелуан 20-м нэсым, студент мелуани 7,5-м щІигъум. ЕгъэджакІуэхэр хущІокъу щІэблэм щІэныгъэ куу етыным, гъэсэныгъэ екІу халъхьэным, ныбжьыщІэхэр къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм, творческэ Іуэхухэм дегъэхьэхыным, спортым жыджэру хэшэным.

А псори и щыхьэтщ УФ-р щІэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ зыщауж, абыхэм гулъытэшхуэ щагъуэт къэрал лъэщу зэрыщытым.

**ЖЫЛАСЭ** Маритэ.

# Мы махуэхэм

**ФокІадэм и 9,** *щэбэт*

✦**Дахагъэм и дунейпсо махуэщ**

✦**1882 гъэм** къалъхуащ адыгэ джэгуакІуэ **Щхьэлахъуэ Алий**.

✦**1942 гъэм** къалъхуащ шапсыгъ сурэтыщІ, Адыгэ Республикэм щІыхь зиІэ и художник **Хьэпышт Хьисэ**.

✦**1946 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щІыхь зиІэ и дохутыр **Мысрокъуэ Мухьэмэд**.

✦**1969 гъэм** къалъхуащ адыгэ сурэтыщІ **Гъуэгунокъуэ Мурат**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 18, жэщым градуси 10 - 12 щыхъунущ.

**ФокІадэм и 10,** *тхьэмахуэ*

✦**ЦІыхум зиукІыжыныр къэмыгъэхъуным и дунейпсо махуэщ**

✦**Япэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэ етыным и дунейпсо махуэщ**

✦**1916 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ, тхакІуэ, драматург **ЩоджэнцІыкІу Іэдэм**.

✦**1921 гъэм** къалъхуащ Совет Союзым и ЛІыхъужь **Хьэбэчыр Умар**.

✦**1930 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Бажэнэ Мурат**.

✦**1937 гъэм** къалъхуащ медицинэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор **КІэнцІэлий Лиуан**.

✦**1938 гъэм** къалъхуащ УФ-м щІыхь зиІэ и юрист, нагъыщэ нэхъыщхьэ зиІэ хеящІэ **Къунаш Адэлбий**.

✦**1938 гъэм** къалъхуащ СССР-м и цІыхубэ егъэджакІуэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ **Къанщыкъуей Риммэ**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 18 - 20, жэщым градуси 10 - 11 щыхъунущ.

**ФокІадэм и 11,** *блыщхьэ*

✦**1929 гъэм** къалъхуащ балетмейстер, КъБР-м и цІыхубэ артист, УФ-м щІыхь зиІэ и артист **Дашу Хьэшыр**.

✦**1954 гъэм** къалъхуащ КъБКъУ-м и ректор, техникэ щІэныгъэхэмкІэ доктор , профессор, РАЕН-м и академик **Алътуд Юрэ**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 22-рэ, жэщым градус 12 - 14 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ**.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

**Унэр зыгъэунэри благъэр зыгъэблагъэри цІыхубзырщ.**

● Гамзатов Расул къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу

# Гъуэгуанэ дахэ къэзыкIуа усакIуэ цIэрыIуэ



***Дагъыстэным и цIыхубэ тхакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь Гамзатов Расул Дагъыстэн АССР-м и Хъунзахъ районым хыхьэ Цадэ жылэм 1923 гъэм фокIадэм и 8-м къыщалъхуащ. Аранинск курыт еджапIэмрэ Авар педучилищэмрэ къиуха нэужь, Гамзатовыр япэщIыкIэ егъэджакIуэу лэжьащ, Авар къэрал театрым и режиссёрым и дэIэпыкъуэгъу IэнатIэм пэрытащ, иужькIэ «Большевик гор» авар газетым и къудамэм и унафэщIу, Дагъыстэн радиокомитетым авар нэтынхэмкIэ и редактору щытащ. 1945 - 1950 гъэхэм ар щеджащ Горький Максим и цIэр зезыхьэ Литературэ институтым (Москва). ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зэзыгъэгъуэта Расул 1951 гъэм Дагъыстэным и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщIу хахащ.***

ГАМЗАТОВ Расул усэ итхын щIидзащ илъэси 9-м иту. Зэман дэкIри, абы и IэдакъэщIэкIхэр къытрадзэ хъуащ «Большевик гор» авар газетым. И япэ усэ тхылъыр дунейм къытехьащ 1943 гъэм. ГъэщIэгъуэнракъэ, СССР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм ар щыхагъэхьам, илъэс 20 ирикъуа къудейт. Абдежым щегъэжьауэ урысыбзэкIи, аварыбзэкIи, нэгъуэщI дагъыстэныбзэхэмкIи абы и усэ, прозэ тхыгъэхэр, тхылъхэр къыдагъэкIащ. ТхакIуэм и усыгъэр фIыуэ зылъэгъуахэм ягъэлъапIэ «Журавли», «Высокие звёзды», «Письмена», «В горах моё сердце», «У очага», «Сказания», «Суди меня по кодексу люб-ви», «О бурных днях Кавказа», «В полдневный жар», «Мой Дагестан», «Две шали», «Сонеты» и IэдакъэщIэкIхэр, нэгъуэщIхэри.

ТхакIуэ цIэрыIуэм и усэхэмрэ поэмэхэмрэ урысыбзэкIэ зэрадзэкIащ Сельвинский Илья, Городецкий Сергей, Липкин Семён, Нейман Юлие сымэ. Псом хуэмыдэу абы къыкъуэтащ и ныбжьэгъу-усакIуэхэу Гребнев Наум, Козловский Яков, Хелемский Яков, Солоухин Владимир, Мориц Юннэ, Ахмедовэ Маринэ сымэ. Абы и IэдакъэщIэкIхэр гулъытэншэу къагъэнакъым адыгэ усакIуэхэми. Езы Расул аварыбзэкIэ зэридзэкIащ Пушкиным, Лермонтовым, Некрасовым, Есениным, Блок, хьэрып усакIуэ Ходжи Абдул Хьэзиз сымэ я IэдакъэщIэкIхэр.

Гамзатовым и усэ куэд цIыхубэ уэрэд хъуащ. Къыхэгъэщыпхъэщ, усакIуэм и псалъэхэр зыщIэлъ уэрэдхэр пластинкэхэм, дискхэм тету куэдрэ къызэрыдагъэкIар. Расул ядэлажьэрт композитор цIэрыIуэхэу Френкель Ян, Фельцман Оскар, Паулс Раймонд, Антонов Юрий, Пахмутовэ Александрэ, Гасанов Готфрид, Кажлаев Мурад, Чалаев Ширвани, нэгъуэщIхэми. А уэрэдхэр ягъэзащIэрт Герман Аннэ, Вишневская Галинэ, Магомаев Муслим, Бернес Марк, Кобзон Иосиф, Ротару Софие, Кикабидзе Вахтанг, Гнатюк Дмитрий, Гасановэ Муи, Омаров Магомед сымэ.

Лъэпкъ литературэм зегъэужьыным хэлIыфIыхьа Гамзатов Расул и гуащIэм къыпэкIуащ Совет Союзым, Урысейм, Дагъыстэным я цIэ лъапIэхэр, саугъэтхэр. ЦIыхубэ тхакIуэр Ленин саугъэтым, РСФСР-мрэ СССР-мрэ я къэрал саугъэтхэм я лауреат хъуащ, «ХХ лIэщIыгъуэм и усакIуэ нэхъыфI» дунейпсо саугъэтыр, Азиемрэ Африкэмрэ я тхакIуэхэм я «Лотос» саугъэтыр къиихьащ, нэгъуэщI ехъулIэныгъэ куэди иIащ.

Гамзатовыр Дагъыстэн АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату, ардыдэм и унафэщIым и къуэдзэу щытащ, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым, КПСС-м и Дагъыстэн обкомым щылэжьащ. Илъэс пщIы бжыгъэкIэ ар РСФСР-м, СССР-м, Дагъыстэным я тхакIуэ зэхыхьэхэм лIыкIуэу хэтащ, нэгъуэщI къулыкъушхуэхэри иIыгъащ. Лениным и ордениплI, Октябрь Революцэм и орденыр, Лэжьыгъэм и Бэракъ Плъыжь орденыр щэнейрэ къратащ Гамзатовым. Хэкум зэрыхуэпэжым, ехъулIэныгъэхэр къыхуихьу зэрыщытам къыхэкIыу, 2003 гъэм фокIадэм и 8-м Урысейм и Президент Путин Владимир къэралым и тыгъэ нэхъыщхьэр - Щихъ Первозванный Андрей и орденыр - хуигъэфэщащ.

Зэман зэхуэмыдэхэм Гамзатов Расул и усэ пшыхьэр щрагъэкIуэкIыу щытащ Мэхъэчкъали, Москва и театрхэми, Будапешт, Берлин, Варшавэ, нэгъуэщI къалэхэми я щэнхабзэ центрхэм.

УсакIуэм и къалэмыпэ къыщIэкIахэмкIэ Оперэмрэ балетымкIэ Ленинград театрым щагъэуващ «Горянка» балетыр, ГушыIэхэмкIэ Петербург и театр иным щагъэлъэгъуащ «Мой Дагестан» спектаклыр. Псори щыгуфIыкIат Цадэсы и цIэр зезыхьэ авар музыкэ драмэ театрым и утыку «В горах моё сердце», «Берегите матерей», «Горянка» спектаклхэр зэрыщагъэлъэгъуам. Иужьрейр СССР-м и театр куэдым я репертуарым хагъэхьат.

ЦIыхубэ тхакIуэм и гъащIэмрэ и лэжьыгъэмрэ теухуауэ литературэджхэм куэд ятхащ, тхылъхэр къыдагъэкIащ. Гамзатовым и гъащIэм щыщ Iыхьэхэр къэзыгъэлъагъуэ «Кавказец родом из Цадэ», «Белые журавли», «Расул Гамзатов и Грузия» документальнэ фильм кIэщIхэр, и тхыгъэхэр зи лъабжьэ «Горянка», «Сказание о храбром Хочбаре» художественнэ фильмхэр трахащ.

Гамзатовыр Европэм, Азием, Африкэм, Америкэм щыIащ, ар ирагъэблагъэу щытащ къэрал къулыкъущIэхэм, пащтыхьхэм, лIыщхьэхэм, сурэтыщIхэмрэ тхакIуэхэмрэ.

И унагъуэр: Расул и щхьэгъусэ Патимат дунейм ехыжащ 2000 гъэм, пхъуищрэ пхъурылъхухэмрэ къащIэхъуащ. Гамзатовым и къуэш нэхъыжьитI Хэку зауэшхуэм хэкIуэдащ. И къуэш нэхъыщIэр - Гаджи - щIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием и академикщ.

2003 гъэм щэкIуэгъуэ мазэм Гамзатов Расул дунейм ехыжащ, ар щыщIалъхьэжащ Мэхъэчкъалэ.

**ИСТЭПАН Залинэ.**

● Ныбжьэгъухэм я псалъэ

## Абы хуэдэхэр закъуэтIакъуэщ

УсакIуэхэр куэд мэхъу, куэдми я фIэщ мэхъу ахэр усакIуэу. Ауэ Гамзатовым хуэдэхэр мащIэ дыдэщ. Абы и IэдакъэщIэкIхэм уасэ яIэкъым, сыту жыпIэмэ адрейхэм ейм ещхькъым, апхуэдэу щыIэри а зы закъуэращ. Гамзатовыр лъэпкъ усакIуэщ, атIэми къэрал куэдым я щIэджыкIакIуэхэм къацIыху.

И япэ псалъэхэм деж щегъэжьауэ абы и усэхэр зытхар къыбощIэ. Ар сыт щыгъуи зым тетщ, зызымыхъуэжщ, нэхущ вагъуэм идз нэхум зэрызимыхъуэжым, нэхущым нэхъыбэрэ икIи нэхъ лыду къанэм хуэдэу. Гамзатовым зэчиишхуэ бгъэдэлъу къигъэщIащ икIи езым и дуней еплъыкIэ дахэ, щабэ, ин иIэжщ.

**АЙТМАТОВ Чингиз.**

## Авар лъэпкъым и джакIуэ

Гамзатов Расул литературэм къыхыхьащ Дагъыстэным и авар лъэпкъ цIыкIум и гъащIэм и джакIуэу, абы хуэусэу, сурэтыщIым хуэдэу къуршыщхьэ ткIийхэмрэ ауз бгъузэхэмрэ гукъыдэж кърату... ИкIи и япэ усэхэмкIэ дигъэцIыхуащ, сыт щыгъуи уэскIэ щIэгъэна къуршыщхьэхэм я дахагъымрэ псы уэрхэмрэ я мызакъуэу, езыр къыщыхъуа щIыпIэм щыпсэу цIыхухэм я гумащIагъыр, цIыхуфIагъыр, хьэлэлагъыр. А псом Расул и псэр усэным къыхуагъэушащ.

**АБАШИДЗЕ Григол.**

## ПсалъэкIэ къыпхуэзэщIэубыдэнукъым

Гугъущ Расул утепсэлъыхьыну, сыту жыпIэмэ усыгъэм и Iыхьэу къэплъытэ хъуну Гамзатов Расул псалъэкIэ къыпхуэзэщIэубыдэнукъым. А Iыхьэм езым и щытыкIэ иIэжщ, и инагъыр пхужымыIэным хуэдизщ. Абы и усыгъэр урысхэм, Совет Союзым щыпсэу нэгъуэщI лъэпкъхэм къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ. Ауэ Гамзатов Расул иджырей усыгъэм апхуэдизкIэ хэлъхьэныгъэшхуэ хуещIри, Союз псом и щIэджыкIакIуэхэм куэд щIауэ ягу ирихьу къокIуэкI. Расул усыгъэм хилъхьащ и щIыпIэм и плъыфэхэр, и мэ гуакIуэхэр икIи Совет Союзым и тхылъеджэхэм ахэр захригъэщIащ.

**ТВАРДОВСКИЙ Александр.**

## ЦIыхухэм я гум щахъумэ

Гугъущ усыгъэр фIыуэ щалъагъу, щагъэлъапIэ, щыцIэрыIуэ къэралым усакIуэшхуэу укъыщалъытэныр. Гугъущ Дагъыстэным, Аварым и усакIуэ инхэу Чанкэ, Махьмуд, Цадасэ Гамзат сымэ щыпсэуам, усыгъэм щыпыпщэну. Ауэ уэ ар пхузэфIэкIащ, къурш лъагэхэм, уи лъэпкъым къару къыпхалъхьати. Аращ уэ щIэджыкIакIуэ куэдым фIыуэ укъыщIалъэгъуар.

**ТИХОНОВ Николай.**

## ГъащIэ дахэм укъыхураджэ

Абы и усэхэр лъагъуныгъэм, цIыхубзхэм ятеухуащ, нэмысымрэ лIыхъужьыгъэмрэ ятеухуащ икIи цIыхум и гум щигъэпщкIуа хьэлэлагъэр къегъэуш, гъащIэ дахэм къыхуреджэ. Ар зэрегъэплъыж икIи нэхъыфIу щытыну хуей мэхъу, нэхъ лъагэу зелъагъуж, и щхьэм пщIэ хуищIыжу егъасэ. Усыгъэм аращ и къалэн нэхъыщхьэр.

**КУГУЛЬТИНОВ Давид.**

## ЦIыху нэс

Дэ Гамзатов Расул зэрытцIыхур усакIуэущ (ар усакIуэщ и усэхэмкIи, и прозэмкIи, публицистикэ тхыгъэхэмкIи). Дэ Гамзатов Расул зэрытцIыхур цIыху нэсущ. А тIур зэгуэхыпIэ ямыIэу зэпхащ. Гамзатовыр фIыуэ плъагъуу щытмэ, абы къикIыркъым цIыху хэха гуэр фIыуэ плъагъуу, атIэ ар щыпсэу щIыналъэм пщIэ хуэпщIу, блэкIам и фэеплъ хабзэхэм ухуэпэжу пщэдейрей махуэм упежьэу аращ. ЦIыхуу ущытыныр - лъагъуныгъэ пхэлъыныращ. Аращ усакIуэ-лирикым псом япэ иригъэщыр.

**МИХАЛКОВ Сергей.**



## ГАМЗАТОВ Расул

### Ди анэм деж

**ЖыIэмыдаIуэу, шэчыгъуейуэ**
**Бгырыс унагъуэм сыкъыщыхъут.**
**Ущие псалъэ къызжепIамэ,**
**Укъызэгиеу сэ къысщыхъут.**

**КIуащ илъэс Iэджэ. ЛIыпIэ сохьэ.**
**СлъокI гъащIэм ткIийуэ сэ зескун.**
**Ауэ сихьам иджы уи пащхьэ,**
**Сабий цIыкIу хуэдэ, сохъу Iэнкун.**

**Ди закъуэщ нобэ уэрэ сэрэ.**
**СыбзыщIкъым си гур зэрыхэщI.**
**Зи сабиигъуэу си щхьэ тхъуари**
**Уи куэщIым, мамэ, щызогъэщI.**

**Зэи хущIыхьэгъуэ къызамыту**
**Iуэху Iэджэм IипщIкIэ сэ саIыгъщ.**
**Къыплъысыр мащIэщ къуэ гулъытэу,**
**Ар жэщи махуи си гурыгъущ.**

**ГъащIэ хъыринэм сисщи сещIэу,**
**ПпэIэщIэ сыхъуу куэдрэ къохъу.**
**Дакъикъэ гуэрхэм сигу уиху сфIэщIу**
**СыкъоскIэ, си щхьэм си гур щIогъу.**

**Уэ угумащIэу, губгъэнышэу**
**Сыт щыгъуи хуэдэу укъызоплъ.**
**Уощатэ мащIэу, плъэмыкIыжу**
**Нэбжьыцым нэпсыр къыпфIыхоплъ.**

**Вагъуэр уафэгум щылыдауэ**
**Еух и гъащIэр - йожыр ар.**
**Уи щIалэ цIыкIур къэкIуэжауэ**
**Уи куэщI ирелъхьэ и щхьэ тхъуар.**

*ЗэзыдзэкIар*
**ТХЬЭГЪЭЗИТ Зуберщ.**

### Нэпс ткIуэпс

***КIуащ БетIал и фэеплъу***
**«Си нэпс, щхьэ ухэт уэ си напэр тепхыну?**
**Бгырысым и нэпс щигъэлъагъуэ къэхъуа?!**
**Е пфIэщIрэ си гуауэр нэхъ мащIэ пхуэщIыну?**
**Хуэхьынкъым ар, жыпIэу,**
**сэ уигу къысщIэгъуа?**

**Дэ нобэ щIэтлъхьэжым тыншакъым и гъащIэр,**
**Ар куэдрэ хэхуащ гузэвэгъуэ, бэлыхь.**
**ИтIани къэхъуакъым ар цIыхухэм къыщащIэ, -**
**И нэпсыр игъэпщкIути, ихъумэрт и щIыхь».**

**Жэуапыр щэху дыдэу къетыжыр**
**нэпс ткIуэпсым:**
**«Гу слъатэу сэ цIыхухэм, къэпхьынум емыкIу.**
**ЯжеIэ абыхэм ялъагъур мынэпсу,**
**АтIэ пшэм къыхэхуу къехауэ ткIуэпс цIыкIу».**

*ЗэзыдзэкIар*
**КЪАГЪЫРМЭС Борисщ.**





● Пшыхьэхэр

# Къандур зэщхьэгъусэхэр ягъэлъапIэ

**«Синдика» хьэщIэщым шыщхьэуIум и 3-м щагъэлъэпIащ КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я ТхакIуэхэми я Режиссёрхэми я зэгухьэныгъэхэм хэт, тхыдэтх, экономикэ, философие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, кинорежиссёр, сценарист, продюсер, композитор, уэрэдус, дирижёр, псапащIэ Къандур Мухьэдин илъэс 85-рэ, адыгэ усакIуэ цIэрыIуэ, Урысей Федерацэм, дуней псом я ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэхэм хэт, УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, Сочэ къалэм иджыблагъэ щекIуэкIа лъэпкъыбэ кинофестивалымрэ SIFFA киносаугъэтымрэ къызэзыгъэпэща икIи абы и президент хъуа, литературэмрэ кинематографиемкIэ дунейпсо саугъэтхэр, медалхэр, щIыхь тхылъхэр зыхуагъэфэща, зи киносценарийхэмрэ художественнэ фильмхэмрэ дунейпсо кинофестивалхэм я дамыгъэ нэхъыщхьэхэр зыхуагъэфэща усакIуэ, зэдзэкIакIуэ, журналист, продюсер, ЩIДАА-м и академик Бэлагъы Любэ илъэс 55-рэ зэрырикъур. Зэщхьэгъусэхэр зэрызэдэпсэурэ мы гъэм илъэс 30 хъуащ.**

ПШЫХЬ гуапэр иригъэкIуэкIащ ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артист Хьэмырзэ Ахьмэд.

- Сыт хуэдэ лъэбакъуэ ичми, дэнэ щIыпIэ щыIэми, къызыхэкIа лъэпкъыр зэригъэбжьыфIэр, зэригъэдахэр щызэхэтхкIэ дрогушхуэ. УкъызыхэкIа лъэпкъым и фIыгъуэмкIэ ущыгушхуэм и деж уи зэфIэкIри нэхъыбэ хъууэ къыщIэкIынущ, - жиIащ Хьэмырзэ Ахьмэд. - Псом хуэмыдэжу зи ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ ирикъу, жьыщхьэ махуэ хъуа, зи теплъэр къекIу, зи псалъэм акъылрэ чэнджэщрэ къыхэпх нэхъыжьым и махуэр зэригъэлъапIэр узыщыгуфIыкIынщ. Ныщхьэбэрей пшыхьым лъэпкъыр зэрыгушхуэн, ди гъащIэ гъуэгуанэр зэрыдгъэдэхэн щапхъэ, дерс куэд къызэрыхэтхыфынур уасэншэщ.

- ПщIэ зыхуэтщIхэу Мухьэдинрэ Любэрэ фи унагъуэ дахэм и гуфIэгъуэ щащIэм си гуапэу сыкъеблэгъащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэр, гъуазджэр, литературэр зыгъэбея зэщхьэгъусэхэм фи зэфIэкIым дрогушхуэ, - жиIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къуэдзэ Карчаевэ Iэминэ. Ар къеджащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин Къандур зэщхьэгъусэхэм яхуигъэза и хъуэхъу тхыгъэм. Абы къыхегъэщ Мухьэдинрэ Любэрэ гъуазджэм и лIэужьыгъуэ куэдымкIэ яIэ зэфIэкIым дуней псор зэрыщыгъуазэр, ахэр лъэпкъым хуэфащэ цIыхуу зэрыщытыр. Министрыр абыхэм йохъуэхъу узыншагъэ, насып яIэну, я IэдакъэщIэкIхэр зигу дыхьэхэр иджыри илъэс куэдкIэ ягъэгуфIэну, дяпэкIи ефIэкIуэну.

- Иорданием щыIэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэу щытащ Къандур Мухьэдин и адэ генерал Иззэт. И анэри ЦIыхубз Хасэм тетащ, куэду хэлэжьыхьащ. Адыгэр зыгъэлъапIэм и щхьэр лъапIэ ухъу! - жиIащ зэхыхьэм и тхьэмадэу щыта, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и унафэщI, тхакIуэ, публицист ХьэфIыцIэ Мухьэмэд. - Мухьэдинрэ Любэрэ я лэжьыгъэфIхэм къыпащэу, я пщIэм хэхъуэ зэпыту куэдрэ Тхьэм тхуигъэпсэу!

- Адыгэ тхыдэм и напэкIуэцIхэр, щэнхабзэр, макъамэр, литературэр игъэбеящ, адыгэшым и пщIэр къиIэтащ Къандур Мухьэдин. Амман къыщалъхуами,



къызыхэкIа лъэпкъымрэ хэкумрэ хуэпэжщ, и зыужьыныгъэм еш имыщIэу толажьэ. Лъэпкъ хабзэмрэ щэнхабзэмрэ и тегъэщIапIэу, нэгъуэщI лъэпкъ куэдым дакъызэригъэцIыхуамкIэ фIыщIэ хуэфащэщ. Сыт хуэдэ Iуэхуи пщIэрэ щхьэрэ иIэу, къызыхэкIам и лIыкIуэу зэрыхэтыфми дегъэгушхуэ, дегъэлъапIэ. КъытщIэувэ щIэблэм урищапхъэу уолажьэри, уи IэдакъэщIэкIхэм я хъер Тхьэм уигъэлъагъу! Ди шынэхъыжь лъапIэр лъэпкъым куэдрэ Тхьэм утхуигъэузыншэ! Ди лъэпкъым щыщ бзылъхугъэ гъусэ пхуэхъуу бын дыгъэхэр къызэрыфщIэхъуар гуапэщ. Уи щIэблэм уи хьэл дахэхэр зыхалъхьэн, уи лъэужь ирикIуэн Тхьэм ищI! - жиIащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий. - Любэ, Мухьэдин щIэгъэкъуэн къыпхуэхъуу, гукъыдэж епту, и дунейр бгъэбжьыфIэу фыкъыздокIуэкIри, фи бын дахэхэм я гуфIэгъуэ куэд флъагъуу Тхьэм фыздигъэузыншэ!

Сэхъурокъуэ Хьэутий Дунейпсо Адыгэ Хасэм и фIыщIэ тхылърэ и дамыгъэрэ, саугъэт щIыгъуу яхуигъэфэщащ Къандур Мухьэдинрэ Бэлагъы Любэрэ. Апхуэдэу ХьэфIыцIэ Мухьэмэд зэщхьэгъусэхэм яритыжащ ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и президент Къанокъуэ Арсен къыбгъэдэкI фIыщIэ тхылъыр.

Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал институтым и унафэщI, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Дзэмыхь Къасболэт и псалъэм къыхигъэщащ гуфIэгъуэ пшыхьым и гуапэу къызэреблэгъар. Ар зэщхьэгъусэхэм ехъуэхъуащ лъэпкъ щэнхабзэр дяпэкIи яIэту, я бынхэм ящхьэщытыну, гъащIэ дахэ къызэдагъэщIэну. Къасболэт и псалъэм къыхигъэщащ пщIэ зиIэ апхуэдэ цIыху щэджащэхэм лъэпкъыр зэрагъэгушхуэр, лъэпкъми зэрикъалэныр апхуэдэхэр игъэлъэпIэну.

- 90 гъэхэм къыхалъхьауэ щытащ Къандур Иззэт и саугъэтыр. Ар зыхуагъэфэщахэм сазэрыщыщым срогушхуэ. Дуней псом тепхъа адыгэхэм я зэфIэкIхэр къагъэсэбэпмэ, лъэпкъ щэнхабзэм, анэдэлъхубзэм зрагъэужьыным хэлъхьэныгъэфIхэр зэрыхуащIыфынур, абы и лъэныкъуэкIэ адыгэбзэ, урысыбзэ, тыркубзэ, хьэрыпыбзэ, инджылызыбзэ, нэгъуэщIхэри зыщIэ Къандур Мухьэдин зэрыщапхъэр, - жиIащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик БакIуу Хъанджэрий. - Зэщхьэгъусэхэм сохъуэхъу узыншагъэ, насып, ехъулIэныгъэ яIэу, лъэпкъыр ягъэгуфIэу иджыри илъэс куэдкIэ къыздекIуэкIыну.

Къэпсэлъахэм и гугъу ящIащ Мухьэдинрэ Любэрэ я щIэблэм. Алим пасэу скрипкэм дихьэхащ. Илъэсий щрикъум абы Евросоюзым и камернэ оркестрым и солисту зыкъыщигъэлъэгъуащ Амман и Цитадель цIэрыIуэм и утыкум. Паваротти Лучанэ и фэеплъ пшыхьым артист цIэрыIуэхэу Каррерас Хосе, Домингэ Пласидэ, Стинг сымэ ныбжьыщIэр илъэс пщыкIущ щыхъум ядыхэтащ икIи Iэгуауэшхуэ хуаIэтащ президентхэмрэ пащтыхьхэмрэ. Алим Бах и концертыр дитащ «дуней псом и дыщэ флейтэу» къалъытэ Гриминелли Андреа. А концертым и дискыр къыдагъэкIыжащ икIи абы и видеонэтыным еплъыжащ макъамэр фIыуэ зылъагъу цIыху мелуани 150-рэ. НыбжькIэ щIалэми, Алим дунейпсо зэпеуэхэм я лауреат, скрипач цIэрыIуэ хъуащ. Язынықъуэхэр абы зэреджэр адыгэ Паганинищ икIи къызэригъэпэщащ «Къандур» скрипкэ квартетыр. Оперэр зыпищI щыIэкъым. Я щIалэ нэхъыщIэ Къазбэч щIэсщ Черчилль Уинстон, Байрон Джордж, нэгъуэщI цIыху цIэрыIуэ куэдым къауха Лондон дэт Харроу школ нэхъыфIым. Ар Пащтыхь музыкэ колледжым виолончелым щыхуеджащ, а макъамэ Iэмэпсымэм хуэIэкIуэлъакIуэщ, етIуанэ IэщIагъэу хуоджэ экономикэм. ТIури я нэхъыжьхэм яхуэфащэщ, я зэфIэкIхэр узэрыгушхуэнщ.

Зэщхьэгъусэхэм псалъэ гуапэхэр хужаIащ икIи я IэдакъэщIэкIхэм тепсэлъыхьащ лъахэхутэ, тхылъ тедзапIэм и унафэщI Котляров Виктор, КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ Бицу Анатолэ, усакIуэ, дохутыр ПщыукI Латмир, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, КъБКъУ-м и доцент Темрокъуэ Ларисэ, Москва щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я цIэкIэ псэлъа Егъэнокъуэ Ксение, Адыгэ Республикэм и лIыкIуэ Къандур Сэфарбий, нэгъуэщIхэри.

Зэхыхьэм къыщеджащ Адыгейм щэнхабзэмкIэ и министр Аутлъэ Юрэ, КъБР-м и Iэтащхьэу щыта, политик цIэрыIуэ, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыбгъэдэкIыу сенатору щыIэ, Федеральнэ Советым Хамэ къэрал IуэхухэмкIэ и комитетым и Iэтащхьэм и къуэдзэ, ЩIДАА-м и президент Къанокъуэ Арсен, Сочэ къалэм и Творческэ-методикэ центрым и унафэщI Стародуб Татьянэ сымэ къагъэхьа хъуэхъу тхыгъэхэм.

Къандур Мухьэдинрэ Бэлагъы Любэрэ пшыхьым зыкърезыгъэхьэлIахэм, псом хуэмыдэу нэгъуэщI республикэхэм, къэралхэм къикIыу я гуфIэгъуэр къыдэзыIэтахэм фIыщIэ псалъэ мыухыжхэр хужаIащ. Абыхэм къыхагъэщащ илъэс бжыгъэкIэ ямылъэгъуа я лэжьэгъухэр, ныбжьэгъухэр, Iыхьлыхэр зэрызэхэплъар гуапэ зэращыхъуар. Любэ къеджащ и усэхэм ящыщ.

Пшыхьыр ягъэдэхащ зэщхьэгъусэхэм уэрэдрэ къафэрэ тыгъэ яхуэзыщIа «Шагъдий» (художественнэ унафэщIыр Унэжокъуэхэ Тимуррэ Заремэрэщ) сабий къэфакIуэ ансамблым, Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и артист, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ ДыщэкI Артур, уэрэджыIакIуэхэу Абэзэх ФатIимэ, Чылар Нэсрэн, Бэлагъы Любэ и усэхэм къеджа, Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм и артисткэ Хугаевэ Александрэ, Адыгейм и уэрэджыIакIуэ Аутлъэ Даринэ, нэгъуэщIхэми.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

● Губгъуэ лэжьыгъэхэр

## Сэхураныр Iуахыж

**Республикэм и мэкъумэшыщIэхэм сэхураныр Iухыжын щIадзащ. Мы гъэм ар зытращIа гектар мин 15-м щIигъум щыщу япэ гектари 100-м щыIуахыжащ Прохладнэ куейм. Апхуэдэ хъыбар иджыблагъэ къитащ КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм.**

МЫ гъэм сэхураным хухахар гектар мини 5,5-кIэ нэхъ мащIэщ. И щхьэусыгъуэр вэн-сэным ехьэлIауэ щыIэ хабзэм тету щIым зрагъэгъэпсэхунырщ.

2023 гъэм сэхураныр нэхъыбэу щыхасар Прохладнэ, Бахъсэн, Дзэлыкъуэ щIыналъэхэрщ - абыхэм яхуозэ гектар мин 11,7-р, е зэрыщыту республикэм а къэкIыгъэм щыхухахам и процент 77-р.

Нэгъабэ, апхуэдэ зэи къэмыхъуауэ, республикэм сэхуран бэв къыщрахьэлIэжат. Къэбгъэлъагъуэмэ, псори зэхэту Iуахыжащ тонн мин 56,2-рэ. Ар хуэдэ 1,7-кIэ нэхъыбэщ 2021 гъэм Iуахыжам елъытауэ. Нэгъабэ гектар къэс ику иту центнер 26,1-рэ къытрахащ - 2021 гъэм нэхърэ процент 11-кIэ нэхъыбэ.



## Нартыху пасэр мэбагъуэ

**«Хьэцэпэцэу яIуащ тонн мин 306,1-рэ, ику иту гектар къэс къытрах центнер 36-рэ, е нэгъабэрей бжыгъэхэм елъытауэ, проценти 101-рэ. Абы щыщу гуэдзу Iуахыжащ тонн мин 206,6-рэ, хьэуэ - тонн мин 95,5-рэ», - КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Сыжажэ Хьэсэн апхуэдэу щыжиIащ, республикэм и Iэтащхьэм и деж Стратегие зыужьыныгъэмрэ лъэпкъ проектхэмкIэ щыIэ советым къыщыпсалъэу.**

АПХУЭДЭУИ министрым къыхигъэщащ мэкъумэшыщIэхэм пасэу хъу нартыхумрэ сэхуранымрэ, кIэртIофыр зэрыIуахыжыр. Абыхэми бэвагъкIэ щогугъ.

ИджыпстукIэ кIэртIофыр гектар мин 1,7-м къыщатIыжащ. Мы гъэм псори зэхэту тонн мин 42-м щIигъу кърахьэлIэжыну я мурадщ. ХадэхэкIыу къытрахащ тонн мин 65-рэ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

# Щикъухьащ адыгэр дунеижьым

● Дэ къытхуатх

## Зэлъэпкъэгъухэр дызэхыхьэмэ...



**Тыркум щыпсэу адыгэхэм журналистхэр щIэх-щIэхыурэ дахохьэ, я щыIэкIэ-псэукIэм теухуа теле-радио нэтынхэр догъэхьэзыр, газетхэм тхыгъэхэр тыдодзэ. Иджыри апхуэдэ пщэрылъ сиIэу Истамбыл кIуэ гъуэгум сытехьащ. Адыгэ Республикэм щылажьэ Хасэм и фIыгъэкIэ къыздэхъуащ мы зекIуэр икIи Истамбыл и мызакъуэу, нэгъуэщI щIыпIэхэми сыщыIащ.**

ИСТАМБЫЛ Тыркум и къалэ нэхъ инщ икIи ди лъэпкъэгъуу абы дэсхэм я бжыгъэм гъэ къэс хохъуэ. Абы къыхэкIыуи, Адыгэ Хасэ зыкъом щолажьэ. Абыхэм, фэ зэрыфщIэщи, зы хабзэ яIэщ. Гъэмахуэм и пэублэм зэхыхьэ гъэщIэгъуэнхэр зэхашэ, бжьыхьэр къэсыху фестивалхэр, концертхэр, зэхуэсхэр ирагъэкIуэкI. Апхуэдэу Истамбыл и Хасэхэм я нэхъыжьхэм ащыщу Багъларбашы ХасэкIэ зэджэм къызэригъэпэща пшыхьзэхыхьэм сэри срихьэлIащ.

Мы Хасэр 1952 гъэм къызэIуахащ, абы щегъэжьауи адыгэхэм я зэIущIапIэщ. Хасэм къэфакIуэ гупхэр иIэщ, адыгэбзэр щрагъэдж, лъэпкъ шхыныгъуэхэр щапщэфI. Апхуэдэу лъэпкъ щэнхабзэм, хабзэм, бзэм я хъумакIуэу къогъуэгурыкIуэ. Иджыпсту Хасэм къэфакIуэ гупи 4 щагъасэ. Нэхъыжь гупым и цIэр «Маржэщ», абы хэтхэр зи щIалэгъуэкъым, ауэ тхьэмахуэ къэс зэ макIуэ.

- Курыт ныбжьым дынэсами, ди Iэпкълъэпкъыр дгъэлэжьэн папщIэ илъэси 10-м щIигъуауэ «Маржэ» гупыр дызэхэтщ, - жеIэ Щоджэн Iумит. - КIуэ пэтми нэхъыбэ дохъу, я къэфэкIэхэри хэпщIыкIыу йофIакIуэ. ДэркIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ мыпхуэдэ къэфакIуэ гупхэр зэхэшэным, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абыкIэ ди къафэр, ди фащэр нэгъуэщI лъэпкъхэм ядогъэцIыху, апхуэдэуи ахэр ттрамыхын папщIэ IэмалыфIщ.

Щоджэн Iумит Багъларбаши Хасэм и тхьэмадэу щытащ нэхъапэм, иджы Кавказ Хасэхэм я федерацэу Тыркум щыIэм и унафэщIщ. Хасэ тхьэмадэми, нэгъуэщI IэнатIэ зэрыпэрытми щхьэкIэ къэмынэу къафэм къокIуэ, апхуэдэщ «Маржэм» хэт адрей ди лъэпкъэгъухэри.

Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, мы Хасэм и пашэ Мэлгуэш Юксел пшыхьым и пэублэм ансамблым хэту утыку къихьэнущ, иужькIэ къызэхуэсахэм фIэхъус псалъэкIэ захуигъэзэнущ.

- Илъэси 3 хъуауэ «Маржэм» сыкъокIуэ, - къытхуеIуатэ абы къыщыфэ Жьыкъуэ Олджай, - «Маржэм» сыхыхьэн ипэкIэ сыкъэфэфу щытакъым, мыбы щызэзгъэщIауэ аращ. Къафэ закъуэм щхьэкIэкъым дыкъыщIэкIуэр, хабзэм, бзэм, щэнхабзэм, тхыдэм дытелэжьэну, ахэр хъума хъуным и Iэмалхэр къэдгъуэтыну аращ. Зы щIалэрэ зы пщащэрэ сиIэщи, абыхэми мыпхуэдэ ныбжьым сынэсауэ къэфакIуэ сыкъызэрыкIуэр ягъэщIагъуэ. Ауэ сэркIэ нэхъыщхьэр сыкъызыхэкIа лъэпкъым и хъугъуэфIыгъуэхэр схъумэнырщ, ар къыдэкIуэтей щIэблэм язгъэщIэнырщ.

- Сыт хуэдэ ныбжь унэсами, уадыгэкъэ, мыхэр дэ ди къафэщ, ди щIэблэми дыкъалъагъу, адэ-анэхэр къэфэну Хасэм зэрыкIуэм щапхъэ трах, - къыпещэ «Маржэм» къыщыфэ Мыщэ Ясин. – Сэ нобэ япэу концерт утыку сыкъихьэну аращ, ауэ илъэси 8 хъуауэ «Маржэм» сыхэтщ.

Апхуэдэу езыхэм я щапхъэкIэ сабийхэр япIыну, ягъэсэну я мураду ди лъэпкъэгъухэр Хасэм макIуэ. «Маржэм» къыкIэлъыкIуэу, нэхъ щIалэхэр зыхэт «Мазэнэху» гупыр яIэщ, ныбжьыщIэхэм папщIэ «Махуэ» гупыр зэхашащ, нэхъ цIыкIухэр «Мэшбэвым» къыщофэ.

- Мы гуп псори къызэзыгъэпэщар ди япэ ита хасэ тхьэмадэхэращ, - къыпещэ и псалъэхэм КАФФЕД-м и тхьэмадэ Щоджэн Iумит. - Япэ щIыкIэ, ансамблым хэтхэр илъэс 17 - 20 зи ныбжьхэрат. Ауэ етIуанэу сабийхэм папщIи зэхэтшэри, къекIуалIэ цIыкIухэр куэд щыхъум, ныбжькIэ зэщхьэщытхауэ, иджы гупищ мэхъу.

КъэфакIуэ гупхэм я закъуэкъым Хасэм щыIэр, атIэ гъунэгъу къалэхэм щыпсэу адыгэхэми я зэхуэсыпIэщ мыр. Псом хуэмыдэу зэхуэсхэм, концертхэм зыкърагъэхьэлIэ. Абы и фIыгъэкIэ, я лъэпкъ щэнхабзэр ялъагъу, адыгэ макъамэр зэхах, анэдэлъхубзэмкIэ затIыж.

- Адыгэхэр икъухьащи, къалэшхуэхэм ущызэIущIэну гугъущ, - жеIэ «Маржэм» къыщыфэ КъуэщIасэ Шахьин. – Хасэм ущызэрылъагъуну щIыпIэ телъыджэщ. Хэкум и хъыбархэри нэхъыбэу щызэхэтхыр мыращ, адэжь щIыналъэм къикIауэ хьэщIэхэр къыщытхуеблагъыи щыIэщ, уэ укъызэрыкIуам хуэдэу. Абыхэм ди хъыбар зрагъащIэ, Хэкум щаIуэтэж, дэри ди къуэшхэмрэ ди шыпхъухэмрэ зэманыр тфIэмащIэу дабгъэдэсщ.

- Къуажэхэм дыщыдэсым адыгэ защIэу дызэхэсащ, ауэ къалэхэм дызэрыIэпхъуэрэ зэкIэрыча дыхъуащи, адыгэбзэр абы тIэщIех. Ди бзэмрэ ди хабзэмрэ тхъумэн папщIэ, Iэмал зэриIэкIэ, Хасэхэм дыкъокIуэ, - жеIэ Яловэ къалэм дэс щIэныгъэлI Нэгуэр Фэтхьи.

- Хасэхэм къызэрагъэпэща мыпхуэдэ зэхыхьэ зыбжанэм сыщыIащ мыбы сыкъызэрыIэпхъуэрэ, - жеIэ Мейкъуапэ щыщ, иджы Истамбыл щыпсэу Унэрокъуэ Гулэз, - абыхэм адыгэхэр куэду зэрыщызэхуэсыр згъэщIэгъуащ икIи си гуапэ хъуащ. МылъкукIэ, зэфIэкIкIэ яIэ Iэмалым елъытауэ хэти нэхъ ину, хэти нэхъ къызэрыгуэкIыу зэхешэ зэхуэсхэр, ди лъэпкъэгъу артист цIэрыIуэу Истамбыл дэсхэри абыхэм ядоIэпыкъу. Ахэр щыслъагъукIэ, си гур хохъуэ.

КъэфакIуэ гупхэм я мызакъуэу, уэрэджыIакIуэ гупхэри яIэщ Хасэхэм. Сэ сызрихьэлIа концертым утыку къыщихьащ «Си уэрэд» гупыр. Адыгэ макъамэхэм нэмыщI, абыхэм ягъэзэщIащ Кавказ лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я уэрэдхэри. Абы хэтхэм я ныбжьыр зэрыхэкIуэтам емылъытауэ, псалъэхэр зрагъащIэ, тогушхуэри утыкухэми къохьэ.

Гупхэр чэзууэ утыку къохьэри, щхьэж игъэхьэзырар егъэлъагъуэ. Абыхэм ущеплъкIэ, гупсысэ зэмыщхьхэр щхьэм щызэблокI. Адыгэ лъэпкъыр икъухьащ, мы утыкум къихьэ ди лъэпкъэгъухэм я адэшхуэхэм илъэси 160-кIэ узэIэбэкIыжмэ, залымыгъэкIэ я хэку ирагъэбгынащ. Абы лъандэрэ лIакъуэ зыбжанэ къыдэкIуэтеящ, къэралым и зэхэлъыкIэм зихъуэжащ, псэукIэм зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр игъуэтащ. Ауэ а псоми гуащIэмащIэ дэмыхъуу адыгэ лъэпкъым зихъумэжыну иужь итщ. Хамэ щIыпIэм я щэнхабзэр щахъумэну, я хабзэр щызэрахьэну ялъокI.

ЩIэблэр къыдокIуэтей, лIакъуэхэр зэблокI, хасэхэм я лэжьыгъэр мэкIуатэ, ар лъэпкъым и зэхуэзапIэу, зэпсэлъапIэу, сабий гъэсапIэу къонэж.

**ГЪУКІЭЛІ Сусанэ**,
*АР-м щIыхь зиIэ и журналист.*



## Хэкур си адэшхуэрауэ къысщохъу

● Щалэгъуэ



**Чорум къалэм епха Мэхьмудие (Хьэжымыкъуэхьэблэ) къуажэм щыщ Мэрэтыкъуэ Ферхьат Тыркум къыщалъхуауэ щыпсэуми, анэдэлъхубзэр дахэу егъэшэрыуэ, къызыхэкIа лъэпкъым и тхыдэм, и унагъуэм и къежьапIэм фIыуэ щыгъуазэщ. Ар илъэс 35-рэ хъуауэ Мэхьмудие жылэм дэсщ, унагъуэщ, зы хъыджэбз цIыкIу иIэщ.**

«ДИ къуажэр ину пхужыIэнукъым, дэсхэр абазэщ, мэкъумэшым нэхъ йолэжь. Зи ныбжьыр илъэс 40-м нэсахэрщ адыгэбзэр зыщIэр. Ди жагъуэ зэрыхъущи, къыдэкIуэтей щIэблэм апхуэдэу ящIэжыркъым ди анэдэлъхубзэр. Ар зи лажьэр адэ-анэрщ. Щхьэусыгъуэм нэхъ кууэ улъыхъуэмэ, илъэс 15 - 20 ипэ ди лъэпкъэгъухэм адыгэ нэхъ къашэрт, адыгэм дэкIуэмэ, нэхъ къащтэрт. Иджы нэхъ зэхэзэрыхьа хъуащ. Сэ слъагъум тепщIыхьмэ, адыгэ джэгу зэредгъэкIуэкIыным нэхъ дыпылъщ, ауэ адыгэбзэр тIэщIохху», - жеIэ щIалэм.

Ферхьат Тыркум къыщалъхуами, щыпсэуми, зэи хэкум щымыIами, адэжь лъахэр зыгъэлъапIэхэм, ар зигу илъхэм, зи нэ къыхуикIхэм ящыщщ. «Хэкур си адэшхуэрауэ къысщохъу, дыкъэзылъхуахэр къэзылъхужар аращ», - къыддогуашэ Мэрэтыкъуэр.

Зи унагъуэри, зи лэжьыгъэри хамэ щIыналъэ щызэтеубла хъуа адыгэлIым хэкум къигъэзэжыну и хъуэпсапIэми, зыкъиIэту занщIэу къэкIуэжыфыркъым. Хэкум гушхуэныгъэ къахилъхьэр пэжщ, ауэ къэгъэзэжыным апхуэдэуи тегушхуэркъым.

- Иджыри къэс зэи сыкIуэжыфакъым си Хэкум, абыкIэ зыри зэран къысхуэхъуркъым, ауэ си щхьэ закъуэ зысIэту сежьэфыркъым. Ныбжьэгъу гуп дызэрыгъэхъурэ гъуэгу дытехьамэ, сфIэкъабылу сежьэнут. ИтIанэ зэ укIуэжрэ укъэкIуэжмэ, гъэзэжын Iуэхум нэхъ утегушхуэну къысщохъу, - жеIэ Ферхьат.

Хамэ къэралхэм къыщыхъу щIэблэм я адыгэгур иджыри кIуэдакъым, зэи хэкум щымыIахэми я гур мыбыкIэ щыIэщ. Пэжщ нобэпщэдей ахэр къытхэтIысхьэжыныр фIэщщIыгъуейщ, ауэ ди пщIыхьэпIи къыхэмыхуауэ къэхъунщ зэман адэжь лъахэм гъэзэжыныр япэ щрагъэщ.

● Жылэхэр



## Сасыкъхьэблэ

**Къуажэдэсхэр хэкум 1859 гъэм къикIащ. Ахэр япэщIыкIэ шэшэнхэм яхэсащ, иужькIэ хьэж кIуэныр я щхьэусыгъуэу 1864 гъэхэм Тыркум и Селим районым щыIэ Къарс къалэм щетIысэхащ. Илъэс пщыкIуплIкIэ Селим дэсауэ, курдхэмрэ жылэдэсхэмрэ зэзауэри, унафэщIхэм нэIуасэ яхуэхъуауэ ядэлажьэ Сасыкъ Жамбот къаукIащ. Сасыкъ Хьэнэфий (НэфIыцIэ) еуэри, курдым япщыр иукIыжащ.**

АПХУЭДЭ зэпэщIэувэныгъэм иужькIэ, адыгэхэр абы дэмысыжыф хъури, Сивас къалэм дэтIысхьахэщ. ИужькIэ Токъат кIуэри, зыкъомрэ абы щыпсэуащ.

АрщхьэкIэ, ягури я псэри Узун-Яйла щIыпIэм щыIэти, Узун-Яйла 1894 гъэхэм Iэпхъуащ, Сасыкъхьэблэри яухуащ. Къуажэм япэу дэсахэм ящыщщ Сасыкъхэ, Къардэнхэ, Джазэхэ. Ахэрауэ жыпIэ хъунущ жылэр къызэзыгъэпэщар. Джазэхэ осетин лъэпкъыу щытауэ жаIэж.

Къардэн Исмэхьил и къуэш Алий шууей 300 и гъусэу «сэ мы жылэм сыдэсыфынукъым» жиIэри яхэкIыжри, Хэкум игъэзэжауэ яIуэтэж. ИужькIэ Анзорей къикIри, къэIэпхъуащ Лъостэнхэ, Жамботей - Хеймащэхэ, Мэртэзей - Хьэжыхэ, Иналкъуей - КIэфохэ.

Сасыкъхьэблэ щIы гектар мин 30-м тесщ. ЩIышхуэ яIыгъщ. Гектар мин 20-м гуэдз трасэу аращ. Къуажэр цIыкIущ узэреплъынкIэ, ар къатIысыхьащ Иналкъуей, Инаркъуей, Къарэкъуий, Шерефие къуажэхэм.

Жылэм адыгэлI цIэрыIуэ куэд дэсащ: ЖыгкIыхь Файыкъ, Хьэжы Мустафэ, Хьэжы Исмэхьил, ЛутIхэ Казим, Зеки, Мухьдин сымэ, Къущхьэхэ Ехья, Фикри, Абазэхэ Мурат, Мэмосезгин, Бедредин, Хеймащэхэ Хъусин, Сабри, Орхьэн, КIэдыкIуей Фэтхьи, КIэфо Хьэжмурид, Лъостэн Адил, Джазэхэ Ислъам, Хьэсэн, Сасыкъхэ Тембот, Камил, ТIэхьсин, Хьэмид, Мухьэмэд сымэ.

Иджыпсту сыт и псэукIэ Сасыкъхьэблэ жыпIэмэ, зи щIалэгъуэхэр еджапIэ, лэжьапIэ къалэхэм кIуэурэ абы къыщонэ, къуажэм еджапIэ дэтыжыххэкъым. Ахэр псори къыщызэхуэсыжыр гъэмахуэращ. Ауэ Iэщ, мэш, гъавэ зиIэ унэгъуэхэр щопсэу.

Къуажэр Азей районым километр 50-кIэ, Къайсэр километри 140-кIэ пэжыжьэщ.

*НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар* **НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэщ**.




● Гъэщ|эгъуэнщ





## Дыгъэмрэ ЩІымрэ

Дыгъэм и радиусыр ЩІым ейм нэхърэ хуэди 109-кІэ, и щхьэфэр ЩІым нэхърэ хуэдэ 1.300.000-кІэ, и хьэлъагъыр - хуэдэ мин 330-кІэ нэхъ инщ.

Дыгъэм и хьэлъагъыр абы и хъуреягъыр къэзылъэтыхь планети 9-м я хьэлъагъым нэхърэ хуэдэ 750-кІэ нэхъыбэщ. Ар нэхъ тэмэму къыбгурыІуэн щхьэкІэ, мыпхуэдэ щапхъи къэпхь хъунущ: зы хъарбызышхуэрэ хугу хьэдзэ цІыкІурэ зэбгъэдэплъхьэмэ, сыт хуэдэу зэхуэхъурэ? Апхуэдэщ Дыгъэмрэ ЩІымрэ.

● Псалъэжьхэр

## УпщІэ и анэ фІэрафІэщ

**♦Зэдэшхэ ІэфІщи, зэдэфІ унэщ.**
**♦Зэкъуэш псори зы анэм къилъхуркъым.**
**♦Хъуэжэ и бэщмакъыу зыкърегъанэ.**
**♦Шынэ зиІэм укІытэ иІэщ.**
**♦Хъумэ, зыфІ, мыхъумэ, фІитІ.**
**♦Ямыгъэлу зэхахыркъым.**
**♦Псы Іуфэм Іусым псы икІыпІэр ещІэ.**
**♦Шхырыджэгу ныбалъэ, гъаблэ хъумэ, щхьэпІыж.**
**♦ШыщІэ къамылъхуам уанэ трелъхьэ.**
**♦Гъунэгъур унэгъущ, къигъунэгъужыр гъунэгъущ.**
**♦Закъуэныгъэ нэхърэ - Іэл къыбдис.**
**♦ХъунщІэнрэ къуентхъынрэ зыщ.**
**♦Хьэ бзаджэ тІысыпІэншэщ.**
**♦Псы мыгъавэ бдзэжьей хэсщ.**
**♦Мысэр малъэри, хейм и лъакъуэр щІеуд.**

# Лыр зи щІасэхэр

● Фэ фщІэрэ?

Лы нэхъыбэ зиІэ къэралхэм япэ итщ Китайр. Абы гъэ къэс ику иту къыщалэжь лы тонн мелуан 65-м нэс, етІуанэ увыпІэм щытщ США-р - тонн мелуан 35-рэ, ещанэр иІыгъщ Бразилием - тонн мелуан 11-м щІигъу. АдэкІэ мыпхуэдэу зэкІэлъокІуэ: Франджым - тонн мелуани 6, Германием - тонн мелуани 5-рэ мин 800-рэ, Урысейм - тонн мелуани 5. Лы нэхъ мащІэ къыщалэжьхэм икІи щашххэм ящыщщ Индиер. Мэлыл, тхьэкІумэкІыхьыл нэхъыбэ дыдэ иІэщ Австралием - тонн мелуани 2-м щІигъу.



● Гупсысэ кІэщІхэр

### Ныбжьрэ ныбжьэгъурэ

ФІыуэ ялъагъу, пэжу зыхущыт, я нахуэри, я щэхури зрахьэлІэ, Іуэху гуэр къалъыкъуэкІамэ, япэ дыдэу зэпхъуэ, я гуауэр къыдэзыгъэгуауэ, я гуфІэр яхуэзыгъэдахэ цІыхум адыгэхэр зэреджэр ныбжьэгъущ.

Ныбжьэгъу... Ныбжьым хуэдэу пкІэрымыкІыу уи гъусэм ныбжьэгъу фІащащ.

Дыгъэр пшэм зэрищІилъафэу, ныбжьри мэкІуэдыж, къызэрыщІэкІыжу - дэнэкІэ бгъазэми, къыпкІэрымыхуу ныбжьри нокІуэ.

Ныбжьэгъур уи дыгъэр къыщепсым уи гъусэрэ, уи дыгъэр щыкъухьэм кІуэдыжыр аракъым. Лъэпкъым игъэлъапІэр аракъым, атІэ уи дунейр кІыфІ хъуауэ уи нэм зыри щимылъагъужым деж дыгъэ нэбзийуэ къыпхуэунэхурщ, дыгъэм хуэдэу укъэзыгъэхуабэрщ, ущещІэкІэ, жыр пкъоуэ къыппэщІэувэрщ ныбжьэгъур.

### И пІэм щитыжым...

ЯтІэ зыкІэрыпщІа е сабэ зытрихьа налкъутналмэсым и пщІыпщІыр мэкІуэд. ФІейр абы зэрытебгъэкъэбзыкІыу, ар зэщІэпщІыпщІэжу, зэщІэлыдэжу хуожьэ. Псалъэхэри абы ещхьыркъабзэщ. Зыхуэфащэ и пІэм псалъэхэр иумыгъэувамэ, сабэ зытрищІа налкъутналмэсу, абы и нурыр мэкІуэд. Ар и пІэм щитым, адрей псалъэхэм егъэкІуауэ ар щагъэувым, сыт хуэдиз къару, сыт хуэдиз лъэщагъ, сыт хуэдэ дахагъ абы иІэ хъурэ!

### Къуршхэр зыхуэдэр пщІэну ухуеймэ...

Джылахъстэней Арыкъым укъытету ущыплъэкІэ, дыжьыныфэу зэщІэцІуууэж Кавказ къуршыжьхэр уи нэм елъагъу. ІэпщІэлъапщІагъэ зиІэ иныжь бэлыхь гуэрым ар ІэкІуэлъакІуэ дыдэу, зы лей химылъхьэу, хилъхьэни къимыгъанэу иригъэувэкІауэ псори и пІэм иту, псори дахэу икІи зэкІужу къыпфІощІ.

Аузым удыхьэрэ а къурш дыдэм уеплъыпэмэ, уи нэм илъагъур зыр адрейм ипІытІу зэхэт къуршыжьхэмрэ бгы нэпкъ задэхэмрэщ.

Къуршхэр зыхуэдэр зэбгъэщІэну ухуеймэ, жыжьэу - Джылахъстэней Арыкъым укъытету, гъунэгъуу и - Балъкъэр аузым удэту бгы лъабжьэм ущІэту, къуршыщхьэм утету уеплъын хуейщ.

Дэтхэнэ зы Іуэхуми апхуэдэ дыдэущ зэрекІуэлІэн хуейр. Къэхъуа-къэщІа гуэрыр зищІысыр къыбгурыІуэн щхьэкІэ, а Іуэхум и къекІуэкІыкІари, иджы ар зэрыщыт щІыкІэри, япэкІэ абы узыхуишэнури пщІэн хуейщ.

**ТЕУНЭ Хьэчим.**

● Шхыныгъуэхэр

## Лэпс зэщІэт, мэлыл, тепхъэ и гъусэу

Абы щхьэкІэ мэлылыр яупщІатэ е зэпауд г 80 - 100 хъууэ. Псы щІыІэкІэ ятхьэщІри, шыуаным иралъхьэ. Абы псы щІыІэ щІакІэри, мафІэ иным тету зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. МафІэр щабэ ящІ, шыуаныщхьэр трапІэри, лыр ныкъуэвэфІ хъуху ягъавэ, зэзэмызэ тхъурымбэр къытрахыурэ. ИтІанэ шыгъу хадзэ, зэпэплІимэ цІыкІуурэ упщІэта пхъы, шыбжий дэгу халъхьэ, шыуаныщхьэр трапІэжри, хьэзыр хъуху ягъавэ мафІэ щабэм тету. Хьэзыр хъуа лэпсым бжьын гъэлыбжьа традзэ, джэдгын хаудэри, шыуаныщхьэр тепІауэ пэшхьэкубгъум деж щагъэт дакъикъитху-хы хуэдизкІэ. Лыр лэпсым къыхахри, пІастэ дашх. Лэпс язам тепхъэ трапхъэри, пщтыру ираф.

***Тепхъэ зэращІыр:***

Гуэдз хьэжыгъэ ухуэнщІам и кур кърахтхъури, абы шыгъу зыхэгъэткІухьа псы хуабэ, джэдыкІэ уда иракІэ, тхьэвыр быдэу япщ. Тхьэв пщам и щхьэм хьэжыгъэ траудэри, дакъикъэ тІощІ-тІощІрэ тхукІэ щагъэт, ар нэхъ щабэ хъун щхьэкІэ. Гуэдз хьэжыгъэ зытеуда Іэнэм хьэзыр хъуа тхьэвыр тралъхьэри хупхъэкІэ яху, и Іувагъыр см 1 - 1,5-рэ хъууэ. А тхьэв хуам тыкъыр цІыкІуу къыпачурэ ІэкІэ хъурей цІыкІу, щІыдэ цІыкІу хуэдизурэ, ягъэджэрэз, я Іэм дагъэ щахуэурэ. Лэкъум зэрагъажьэм хуэдэу тхъуэплъ хъуху ягъажьэ. ЧымчыркІэ къыхахыжурэ шынакъым иракІутэ.

***Лэпс зэщІэтым халъхьэхэр (цІыхуитІ Іыхьэ):***

мэлылу - г 600,
лыр зэрагъэвэн псыуэ - г 1200-рэ,
пхъы укъэбзауэ - г 75-рэ,
шыбжий дэгуу - г 100,
шыгъуу - узыхуейм хуэдиз

***Тепхъэр къызыхащІыкІыр:***

гуэдз хьэжыгъэу - г 500,
джэдыкІэу - 2,
псыуэ - г 100,
шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

***Бжьын гъэлыбжьам халъхьэр:***

бжьыныщхьэу - г 80,
тхъууэ - г 100,
шыбжий сыр хьэжауэ - узыхуейм хуэдиз.

**КЪУБАТИЙ Борис.**

# Псалъэзэблэдз



***ЕкІуэкІыу:*** **1**. КъуэкІыпІэ жыжьэм щыІэ къалэшхуэ, Приморскэ крайм и щыхьэр. **5**. Ар уи пщІантІэ дэтмэ, пщэдджыжьым ухигъэжеенукъым. **7**. Совет зэманым а ахъшэ жьгъейм щІакхъуэ къыщІэкІырт. **11**. Адыгэ пшынауэ цІэрыІуэ, Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и артист (и цІэр). **13**. Къылъыхъу псоми ... яфІищурэ, Мэлычыпхъу дэкІуэн идэртэкъым (Нарт хъыбар). **14**. ПкІэлъейм щыщ Іыхьэ. **15**. Къэбэрдей усакІуэ, «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхъыщхьэу щыта. **20**. ГъущІ куэбжэ зиІэ гъущІ ... щощІэ. **21**. ЗэгъунэгъуитІым куэд щІауэ ... зэхуаІэт, зэбийт. **23**. Сабий цІынэм кърашэкІ хъыдан.

***Къехыу:*** **1**. Ди къэралым щащІ автомашинэ. **3**. ... хъунур шкІэ щІыкІэ къощІэ. **4**. Сыбырым щыщ къалэ, цІыхуу мелуанрэ мини 100-м щІигъу дэсу. **6**. Псы Іуфэхэр, нэхъыбэу гуэлхэр зи хэщІапІэ къуалэбзу хужь лъакъуэ псыгъуэ кІыхь, щІыпІэ хуабэхэм лъатэ-къэлъэтэжу. **8**. ХадэхэкІ. **9**. ... гъэхъуж. **10**. ПхъащІэ Іэмэпсымэ. **12**. Къурш лъэныкъуэмкІэ къриху жьы щІыІэтыІэ. **16**. Армэм дэкІ и къуэрылъхур адэшхуэм еущий: «УкъимыкІуэт, ... жегъэІэ!» **17**. Чыцэм къыпыкІэ пхъэщхьэмыщхьэ хъурей цІыкІу, хъуа нэужь фІыцІафэ-къащхъуафэу. **18**. Ефэндыхэм я нэхъыщхьэ. **19**. Гуэдз е нартыху хьэжыгъэм къыхэщІыкІа адыгэ шхыныгъуэ. **22**. УэрэджыІакІуэ Іэзэу щыта, КъБР-м щІыхь зиІэ и артист.

*Зэхэзылъхьар* **МЫЗ Ахьмэдщ**.

**ФокІадэм и 1-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:**

***ЕкІуэкІыу:*** **6**. Гуанэ; **7**. КІэпхъ; **8**. Гухэхъуэ; **9**. Бэдж; **10**. Шэд; **13**. Махъшэ; **14**. Нэгъуджэ; **16**. Абдж; **18**. Пщэ; **20**. ШкІэплъ; **22**. Щынэ; **23**. Епэр.

***Къехыу:*** **1**. Джатэ; **2**. Жьэгу; **3**. Пхъэгулъ; **4**. ШкІэ; **5**. ГупкІэ; **11**. Пшэ; **12**. Мэш; **15**. Бжьэ-пэ; **17**. Блын; **19**. Щхьэл; **20**. Шэщ; **21**. Лъей.





# Адыгэ джэгур зэхаублэж

**Мы махуэхэм Налшык къалэ дахэу щрагъэкIуэкIащ щIалэгъуалэр куэд щIауэ зыхуэзэша адыгэ джэгу. Коронавирус уз зэрыцIалэм зэрызиубгъуам и зэранкIэ пIалъэкIэ зэпагъэуауэ щыта мы Iуэхур щIэрыщIэу зэхэзыублэжа Къэбэрдей-Балъкъэрым и ЩIалэгъуалэ центрым дэIэпыкъуащ КъБР-м ЩIалэгъуалэм я Iуэхухэмкiэ министерствэр. Абыхэм къалэн нэхъыщхьэу зыхуагъэувыжар адыгэ лъэпкъым и щэнхабзэ бейр хъумэнырщ, егъэфIэкIуэнырщ.**

ДЖЭГУМ щIалэгъуалэр зэрыхуэпIащIэр наIуэ ящIу, щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ пасэу щызэхуэсын щIадзат ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм. Пшынэ макъым къалэр къызэщIигъэуша хуэдэ, цIыхур Iуву щызэхуэсат абы.

Пшыхьыр ирагъэкIуэкIащ «Япэ итхэм я урысейпсо зэщIэхъееныгъэм» КъБР-м щиIэ къудамэм и лэжьакIуэ Дзэгъащтэ Азэмэтрэ КъБР-м ЩIалэгъуалэм я Iуэхухэмкiэ и министерствэм и къудамэм и унафэщI МафIэдз Линэрэ. Ахэр тепсэлъыхьащ джэгум лъэпкъым, цIыху щхьэхуэм я дежкIэ игъэзащIэу щыта къалэнхэм, нобэрей гъащIэм щиубыд увыпIэм.

Хабзэ хъумапIэ, абы и гъэлъэгъуапIэ нэхъыщхьэхэм язт джэгур. Дауи, нэхъыбэу зыхуэгъэзар зи щIалэгъуэрат. Ар щIэблэр щызэрыцIыху, щызэрылъагъу, я гухэлъ мурадхэмкIэ щызэрыщIэ щIыпIэт. Пщащэхэм я дахагъэр, Iэдэбагъыр, зыIыгъыкIэр, къафэм щаIэ зэфIэкIхэр щагъэлъагъуэрт джэгум. КъищынэмыщIауэ, щIагъыбзэ куэдкIэ зэщIэшхат джэгум ещIылIа хабзэхэр, дэтхэнэми езым и къалэнрэ мыхьэнэрэ иIэжу. Пшыхьыр езыгъэкIуэкIхэм абыхэм ящыщ зыбжанэ къызэхуэсахэм ягу къагъэкIыжащ.

ЩIалэгъуалэм къыхузэрагъэпэща Iуэхум хэплъэну, абыхэм псалъэ нахуэкIэ зыхуагъэзэну пшыхьым зыкърагъэхьэлIат КъБР-м щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкiэ и министр Лу Азэмэт, жылагъуэ лэжьакIуэ, СССР-м спортымкIэ и мастер Къущхьэ Роберт, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым и художественнэ унафэщI Атэбий Игорь, «Амикс» гупым я унафэщI Къул Амир, гъуазджэм и лэжьакIуэхэу Шэрыб Валерэ, Къашыргъэхэ Мадинэрэ Мухьэмэдрэ, Шал Хъусен сымэ.

Нэхъыжьхэр къыщыпсалъэм лъэпкъ къафэхэм я мыхьэнэм, абыхэм къежьапIэ яхуэхъуам, тхыдэм я гугъу ящIа иужь жаIащ, мыпхуэдэ пшыхьхэр щIэхщIэхыурэ ди щIыналъэм щрагъэкIуэкIыну зэрамурадыр.

Адыгэм джэгу зэхаубла иужькIэ, пшынауэ, бэрэбэнауэ, уэрэджыIакIуэхэр утыкум ирагъэблагъэрти, щIалэхэр абы и сэмэгурабгъу лъэныкъуэмкIэ, пщащэхэр и ижьырабгъу лъэныкъуэмкIэ кърагъэувэкIырт. ДжэгуакIуэхэм яхуэзанщIэу джэгум еплъыну хуейхэр къеувэкIырт. Езы джэгури уджкIэ ирашажьэрт. Джэгум и хабзэхэм ящыщт утыкум къихьэ щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ зэрызэблэкIыр. Къафэр щIадзамэ, щэ зэблэкIыгъуэ нэхърэ нэхъыбэрэ теттэкъым. Апхуэдэу, хьэтиякIуэм хуит имыщIауэ зыри утыкум къихьэртэкъым. Джэгум и хабзэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ абы екIуалIэхэр хуэфащэу хуэпауэ зэрыщытыпхъэр.



Мы зэхыхьэри хабзэм тету къызэрагъэпэщат. Ди щIыналъэм и артист цIэрыIуэхэу ДыщэкI Артур, ХьэхъупащIэ Амырхъан, Теунэ Джэмал, Хьэкъун Оксанэрэ Ислъамрэ, Шагъыр Астемыр, Мэстафэ Тимур сымэ къызэхуэсахэм я гукъыдэжыр къаIэтащ.

Джэгум и хьэтиякIуэ къалэныр екIуу ирихьэкIащ Шал Рустам.

Пшыхьым и кIэухым «Джэгум и гуащэ» хахащ, нэхъыфIу къэфа щIалэми саугъэт иратащ, гулъытэншэ ящIакъым пшынауэхэмрэ бэрэбэнауэхэмри.

УджкIэ ирашэжьа бжьыхьэм лъэпкъым фIы къыхудэкIуэну ди гуапэщ.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**

# Фащэр псоми йокIу

**Адыгейм щыщ пщащэ зэчиифIэхэм гукъэкI дахэ ящIри, Кавказым и щIыпIэ хэхахэм ящыщ зым кIуащ икIи махуэ гукъинэж щагъэкIуащ Къэрэшей-Шэрджэсыми и Архъыз бгы лъапэм.**

ГЪЭМАХУЭ зыгъэпсэхугъуэр ягу къызэринэжын зы зекIуэ ежьэну зэгурыIуа пщащэхэм яхэтт и IэпэIэсагъкIэ дунейм фIыуэ къыщацIыху, адыгэ фащэ екIухэр зыд Бэджокъуэ Бэллэ. Абы фащэхэр къыздищтэри, хъыджэбзхэр Iуащхьэ щыгум щигъэдэхащ.

IэпэIэсэм къызэрилъытэмкIэ, фащэр ныбжьыщIэхэмрэ нысащIэхэмрэ я закъуэкъым зэкIури зыщыгъыпхъэри, атIэ сыт хуэдэ ныбжым ит адыгэ бзылъхугъэми екIун фэилъхьэгъуэ пхуэдынущ.

Апхуэдэ гупсысэр Бэллэ къыдащтэри, ТIэш Светланэ, ХьэщIэмыз Сусанэ, Нэджырокъуэ Саниет, ХьэщIэмыз Айлэ сымэ Архъыз и щIыпIэ дахэм иту сурэт телъыджэхэр зытрагъэхащ.

**ШЫПШ Даянэ.**





● Шахматхэр

# Нэхъ лъэщыр зэхагъэкI

**Шахматхэмрэ шашкэхэмрэ дихьэххэм папщIэ Налшык щыIэ «Ладья» клубым иджыблагъэ щекIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и Унэм щылажьэ, гъэзэщIакIуэ властым и IэнатIэхэм я IэщIагъэлIхэм я зэхьэзэхуэ.**

УДЭЗЫХЬЭХЫУ икIи гъэщIэгъуэну екIуэкIа зэпеуэм япэ увыпIэр щиубыдащ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и лэжьакIуэ Гъуэгу Мурат. ЕтIуанэ хъуащ КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Iуэхухэр зезыгъакIуэ управленэм и IэщIагъэлI Байчекуев Расул. Ещанэ увыпIэр зыIэригъэхьащ КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и лIыкIуэ Хьэмжу Сэлим.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.623 • Заказыр №1968

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А